Пщэдей Щlыхубзхэм я дунейпсо махуэщ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№28 (24.778) • 2025 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 7, мэрем • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

ГъащIэр зэпIэзэрыт фощI

ЦIыхубзхэм я дунейпсо махуэм теухуа КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и хъуэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубз лъапIэхэ!

Сынывохъуэхъу къэблэгъа махуэшхуэмкIэ - ЦIыхубзхэм я дунейпсо махуэмкIэ!

А махуэщIыр щхьэусыгъуэ дахэщ бзылъхугъэхэм псалъэ нэхъ гуапэхэмкIэ, нэхухэмкIэ, гумрэ псэмрэ къабгъэдэкIхэмкIэ захуэбгъэзэну. Вбгъэдэлъ дахагъэмрэ псэ къулеигъэмкIэ фэ нэхъ гуапэ, зэпIэзэрыт фхуощI дыкъэзыухъуреихь гъащIэр.

Апхуэдэу къигъэщIащи, цIыхубзыращ анагъэ лъапIэмкIэ зыхуэупсар. Дэтхэнэ цIыхубзым и дежкIи нэхъыщхьэр унагъуэ жьэгуращ, абы ис сабийхэм я узыншагъэм, щIэныгъэм, гъэсэныгъэм еш имыщIэу елIэлIэнырщ. Мы зэманым Урысей Федерацэм унагъуэр, анагъэр, сабиигъуэр хъумэным хуэгъэза IуэхугъуэфI къызэрымыкIуэ куэд щокIуэкI, къэралым и Президент Путин Владимир а унэтIыныгъэхэмкIэ къыхилъхьа жэрдэмхэр я тегъэщIапIэу. Унагъуэм, абы и зэпэщыныгъэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр къэралым гулъытэ хэха зыхуищI IэнатIэу дяпэкIи щытынущ.

Щхьэхуэу захуэзгъэзэну сыхуейщ Урысей къэралыгъуэм и щхьэхуитыныгъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ яхъумэу СВО-м хэт ди хэкуэгъу щIалэ лIыхъужьхэм я анэхэм, щхьэгъусэхэм. Фэ фхэлъ зэпIэзэрытагъыр, шыIэныгъэр, лъагъуныгъэр фи къуэхэмрэ щхьэгъусэхэмрэ гурэ псэкIэ зыхащIэ икIи хуабжьу сэбэпышхуэ яхуохъу, зауэ IэнатIэм здыIутым, ТекIуэныгъэм нэхъри хуигъэпабгъэу, ар къызэрахьынумкIэ фIэщхъуныгъэр нэхъри ягъэбыдэу. ФIыщIэ ин фхузощI а псоми папщIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубз псоми си гуапэу сынывохъуэхъу узыншагъэ быдэ, зэIузэпэщыгъэ фиIэу фыпсэуну. Сыхуейщ гукъыдэжрэ насыпрэ къыфхуэзыхь махуэ куэд фи гъащIэм хэтыну.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

Мыхьэнэшхуэ зиIэщ яубзыхуахэр

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек видеозэпыщIэныгъэ Iэмалым тету хэтащ Урысей Федерацэм и Правительствэм щIыналъэ зыужьыныгъэмкIэ и комиссэм и президиумым и зэIущIэу Урысейм и Правительствэм и вице-премьер Хуснуллин Марат иригъэкIуэкIам.

ЗЭХУЭСЫМ щызэпкърахащ «ГъащIэм хуэгъэпса инфраструктурэ» лъэпкъ проектым хыхьэ объектхэм ятеухуа зэгурыIуэныгъэхэр зэщIылIэнымрэ а лэжьыгъэхэм мылъку зэрыхухахыну щIыкIэмрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым лъэпкъ проектыщIэм ипкъ иткIэ щызэфIагъэкIыну Iуэхушхуэхэм ящыщщ щIыналъэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зегъэужьыныр, коммунальнэ IэнатIэм зэманым къигъэувхэм тету зэхъуэкIыныгъэхэр щегъэкIуэкIыныр, жылэхэр псыкIэ къызэгъэпэщын, къагъэсэбэпа псыр Iушын, хуабэр ятегуэшэн къалэнхэри абыхэм яхэту.

Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил пщэрылъ къазэрыщищIам ипкъ иткIэ 2025 - 2027 гъэхэм ирагъэкIуэкIыну лэжьыгъэхэм хагъэхьащ Налшык мыхьэнэшхуэ зиIэ и объектитI - «Псы къыщIэшыпIэ нэхъыщхьэр» зэгъэпэщыжыныр», «Псы къыщIэшыпIэ нэхъыщхьэм» псыр зыгъэкъабзэ и станцымрэ псыр япэщIыкIэ гъэкъэбзэным пыщIа технологие системэхэр щызэхъуэкIынымрэ» жыхуиIэхэр, псори зэхэту сом мелард 1,8-рэ зыхуэзэхэр.



Апхуэдэуи дызэрыт илъэсым траухуащ псыкIэ жылагъуэр къызэгъэпэщыным, къагъэсэбэпар къыIушыным елэжь объекту 20 яухуэну е зэрагъэпэщыжыну. Ухуэныгъэ 15-р 2025 гъэм зэфIагъэкIын хуейщ, адрейхэр - 2026 гъэм.

Иджыпсту къэрал IуэхущIапIэхэм иращIылIэ а лэжьыгъэхэр зэрырагъэкIуэкIыну щIыкIэхэм теухуа зэгурыIуэныгъэхэр.

Гъуэгу ухуэн IэнатIэм лъэпкъ проектым хыхьэу мы гъэм я мурадщ автомобиль гъуэгу километр 80 щыIэ мардэхэм ирагъэзэгъэну, абы нэмыщI гъуэгу километр 50-м я Iуфэхэм ахэр жэщым къызэрагъэнэху уэздыгъэ пкъохэр щагъэувыну.

2025 - 2030 гъэхэм ятещIыхьауэ зэхалъхьащ икIи къащтащ илъэсихым зэфIагъэкIынухэм я программэ. Абы тету ятыну я мурадщ автомобиль гъуэгуу километр 560-м щIигъу, апхуэдэуи яужь итынущ республикэм и гъуэгухэм нэхъри зегъэужьыным хуэгъэза лэжьыгъэхэр зэфIэгъэкIыным. Къапщтэмэ, Налшык къалэм и закъуэ щыIэ мардэхэм къыщрагъэтIэсэну я мурадщ гъуэгу Iыхьэ 46-рэ, псори зэхэту километр 65-м щIигъу и кIыхьагъыу.

Гумрэ псэмрэ къохуэбылIэ

Гъатхэпэм и 8-р ди къэралми дунейм и нэгъуэщI щIыпIэхэми щаIэт, цIыхубэм я гум, я псэм къехуэбылIэ махуэшхуэ дахэщ. Дунейм и щIэрэщIэгъуэр, гъащIэм и IэфIыпIэр псоми захригъащIэрэ цIыхубзхэр дапщэщи гулъытэ хэха зэрыхуэныкъуэмрэ ар зэрыхуэщIыпхъэмрэ куэдым ягу къигъэкIыжу апхуэдэщ а махуэр.

БЗЫЛЪХУГЪЭМ и зэфIэкIыр, акъылыр иджырей зэманым здынэсар къыпхуэмылъытэным хуэдизу инщ. ГъащIэм и фIыгъуэ нэхъыщхьэ дыдэхэм: жьэгу пащхьэм, анагъэм, быным - епха къалэнхэм къадэкIуэу, иджырей цIыхубзхэр лъоIэсыф икIи хэлъхьэныгъэ ин хуащIыф политикэм, экономикэм, щэнхабзэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ IэнатIэхэм, къулыкъу лъагэхэр ехъулIэныгъэ пылъу зэрахьэф. Ди мащIэкъым унагъуэри лэжьыгъэ IэнатIэри екIуу зэдэзыхь бзылъхугъэ щыпкъэхэр.

ЗэрытщIэщи, сыт хуэдэ лъэхъэни цIыхубзым и къалэн нэхъыщхьэ дыдэу щытыр унагъуэм и гупсэу, быным я анэу щытынырщ, абыхэм гъэсэныгъэ екIу яхилъхьэнырщ. Ар бзылъхугъэхэм къахуиуха лъапIэныгъэ инщ икIи къэрал унафэщIхэм абыкIэ сыт и лъэныкъуэкIи зыщIагъакъуэ унэгуащэхэм, анэ быныфIэхэм. Иужьрей лъэхъэнэм ди къэралым гулъытэ хэха щегъуэт анагъэм пщIэ хуэщIыным, унагъуэр гъэбыдэным хуэгъэпса Iуэхухэм. Ар бын зыпI анэхэм ящыщ дэтхэнэми зыхищIащ, псом хуэмыдэу, коронавирус уз зэрыцIалэр къызэрыунэху лъандэрэ блэкIа илъэсхэм. Бынир пIынымкIэ къэрал дэIэпыкъуныгъэ зымыгъуэта зы ани искъым ди хэкум.

Мы махуэхэм къэIуа хъыбарым тепщIыхьмэ, УФ-м и Президентым и жэрдэмкIэ къыхалъхьауэ илъэс пщIы бжыгъэ хъуауэ ди къэралым щылажьэ «Анэ мылъку» федеральнэ проектыр дяпэкIи зэпагъэунукъым. Къэрал Думэм унафэ зэрыщащIамкIэ, ар лэжьэнущ 2030 гъэм и дыгъэгъазэм и 31 пщIондэ. Абы къегъэлъагъуэ къэралым бын зыпI бзылъхугъэм гулъытэ хэха зэрыхуищIыр.

Тхыдэм укIуэцIрыплъыжмэ, ЦIыхубзхэм я дунейпсо махуэр гъэлъэпIэныр Урысейм къызэрыщыхалъхьэрэ илъэси 100-м щIигъуащ. Гуапагъэм, гулъытэм, лъагъуныгъэм я нэщэнэ дахэу нобэ щыт махуэщIыр махуэгъэпсым япэу къыщыхагъэбелджылыкIам щыгъуэ, политикэ мыхьэнэ иIэу щытащ. Тхыдэ дэфтэрхэм къызэрыхэщыжымкIэ, Урысейм Гъатхэпэм и 8-р япэ дыдэу щыщагъэлъэпIар 1913 гъэращ. ИужькIэ абы къыщытрагъэзар Совет властыр зэрыуврэ илъэс зыбжанэ дэкIа нэужьщ. 1921 гъэм Бзылъхугъэхэм я коммунист конференц иным къыщащта унафэхэм ящыщт Гъатхэпэм и 8-р ди къэралым илъэс къэс щыгъэлъэпIэныр.

Жылагъуэм пщIэ щиIэу, Iэтауэ щагъэлъапIэу, цIыхубэм мыхьэнэшхуэ ирату зэрыщытым къыхэкIыу Гъатхэпэм и 8-р 1966 гъэм зыгъэпсэхугъуэ махуэу ягъэуvауэ щытащ. Абы теухуа Унафэ щхьэхуэ къищтащ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым. «ЦIыхубз псоми я махуэ» хъуащ ар икIи иджырей гуфIэгъуэ шыфэлIыфэхэр къищтащ, ипэкIэ иIа политикэ мыхьэнэр щIэкIри.

Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэми (ООН) гулъытэшхуэ хуещI ЦIыхубзхэм я дунейпсо махуэшхуэр гъэлъэпIэным. Абы и жэрдэмкIэ къэрал куэдым зыбжанэрэ щрагъэкIуэкIащ Бзылъхугъэхэм я илъэс, цIыхубзымрэ абы и унагъуэмрэ я гъащIэр, псэукIэр ирагъэфIэкIуэн мурадкIэ, властыр зыIэщIэлъхэм абы гулъытэ хэха хурагъэщIын папщIэ.

Анэхэм, пхъухэм, шыпхъухэм, щхьэгъусэхэм - зи псэ къабзагъэкIэ, щыпкъагъэкIэ, дахагъэкIэ, гуапагъэкIэ, IэфIыгъэкIэ гъащIэр зыгъэнщI бзылъхугъэ псоми - дохъуэхъу Гъатхэпэм и 8-мкIэ. Фи щхьэкIэ, фи унагъуэкIэ насып фиIэну, фи хъуэпсапIэхэр нахуапIэ хъуну, фи Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ я гулъытэ фыщымыщIэу фыпсэуну Тхьэм жиIэ!

ТАМБИЙ Линэ.

● Туризм

Хъугъуэфlыгъуэ нэхъыщхьэ

Туризмэм зегъэужьыным хуэунэтIа зэIущIэ иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. Абы хэтащ ЭкономикэмкIэ еджапIэ нэхъыщхьэм и лэжьакIуэхэр.

КъБКъУ-м махуитIкIэ щызэхэтащ иджырей Iэмалхэр къагъэщхьэпэу, цIыхум ифI къызыхэкIын Iуэхухэм щIыналъэм зыщегъэужьын зэрыхуейм щытепсэлъыхьа зэIущIэ. КъБР-м и Правительствэм и нэIэ щIэту, ар къызэригъэпэщащ ЭкономикэмкIэ еджапIэ нэхъыщхьэм хэт Лъэпкъ къэхутэныгъэхэмкIэ университетым. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хьэщIэхэм егъэблагъэ псалъэкIэ захуигъэзащ:

- Къэбэрдей-Балъкъэрым фIыкIэ узыщыгугъ хъуну куэд иIэщ, ди хъугъуэфIыгъуэ нэхъыщхьэр ди цIыхухэрщ, ди щIыуэпс телъыджэрщ, промышленностырщ, щIым щIэлъхэрщ. А псор нэгъэсауэ къэдгъэсэбэпын мурадкIэ, Iуащхьэмахуэ лъапэ щапхъэу къэтщтащ, абы турист куэд дыдэ къокIуэ, Тырныауз щIэлъ хъугъуэфIыгъуэхэми гулъытэшхуэ яхуэщIыпхъэщ. Дэ ахэр къызэрыдгъэщхьэпэн Iэмалыщ1эхэр къэдгъуэтын хуейщ, а псори туризмэми нэгъуэщI лъэныкъуэхэми къыщыдгъэсэбэпын хуэдэу. Шэч къытесхьэркъым псори зы гупышхуэ хуэдэу дызэдэлажьэмэ, хэкIыпIэфIхэр къызэрыдгъуэтынум. Урысейм и Президентым къалэн нэхъыщхьэу игъэувар гъащIэр егъэфIэкIуэнырщ. ЦIыхур щынэхъыщхьэ моделыщIэхэри а лъэныкъуэм хуэгъэлэжьэн хуейщ.

Дауэдапщэр иригъэкIуэкIащ ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа еджапIэм ЦIыхум ифI зыхэлъхэм телажьэ и лабораторэм и унафэщI Соловьев Владимир. Акъыл IэрыщIым хуэIэзэ IэщIагъэлI гуп къыздишэри, ар къэкIуащ КъБР-м. ЗэIущIэм хэтащ Правительствэм щыщхэр, министрхэр, щIыпIэ самоуправленэхэм, университетым и лэжьакIуэхэр, цIыхубэм я лIыкIуэхэр.

Къызэхуэсахэр тепсэлъыхьащ Тырныауз я щапхъэу, туризмэм зэрызрагъэужьыну Iэмалыщ1эхэм. Абыхэм тегъэщIапIэу яIэнущ щэнхабзэр хъумэныр, экологием, экономикэм, узыншагъэм гулъытэ яхуэщIыныр, хьэщIэ зэрырагъэблагъэр, абы хуэдэ нэгъуэщIхэри кърагъэцIыхуныр. «Нэхъыщхьэр псори цIыхум и хъуреягъкIэ зэрекIуэкIыпхъэрщ», - къыхигъэщащ Соловьев Владимир.

КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ Путин Владимир къигъэува къалэну цIыхухэм я гъащIэр егъэфIэкIуэныр псэупIэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зегъэужьыным зэрыхуэунэтIар. «Тырныауз мыхьэнэшхуэ зиIэ апхуэдэ тегъэщIапIэхэм язщ. Абы ищIыIужкIэ, абдежым Iуащхьэмахуэ кIуэ гъуэгур блокI. УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министертствэм абдежым дунейпсо мыхьэнэ зиIэ лъэрыжэ зекIуапIэ щеухуэ, гъэм и зэман псоми лэжьэфыну. Тырныауз и Iэмалхэм зегъэузэщIыпхъэщ. Абы и щIым щIэлъхэри къэгъэсэбэпын хуейщ. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыпIэ псори нэхъ нэгъэсауэ къэдгъэщхьэпэн хуейщ. Туризмэм и мызакъуэу, къуажэхэми къалэхэми я теплъэм зихъуэжыпхъэщ», - жиIащ республикэм и Iэтащхьэм.

КIуэкIуэ Казбек хьэщIэхэм фIыщIэ яхуищIащ республикэм къызэрыкIуам папщIэ икIи зэгъусэу зэдэлэжьэным туризмэми республикэми яфI къызэрекIынум шэч къызэрытримыхьэр къыхигъэщащ.

КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам. ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ медицинэ IэнатIэм щрагъэкIуэкI ухуэныгъэхэмрэ зэгъэпэщыжыныгъэхэмрэ.

Зыхуей хуагъазэ

И ГУГЪУ ящIащ Психиатриемрэ наркологиемкIэ республикэ центрыр сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэгъэзэжынымкIэ зэфIагъэкIыпхъэхэм. НэхъапэкIэ КIуэкIуэ Казбек пщэрылъ ящищIауэ щытащ IуэхущIапIэм щрагъэкIуэкIыну лэжьыгъэхэм я проектыр ягъэхьэзырыну.

Центрым и пщIантIэм уних дэтщ, пщэфIапIэр зыхэтыр 1985 гъэм, мыдрейхэр 70 гъэхэм яухуауэ щытащ. Бюджет мылъку хамылъхьэу, программэ зэхуэмыдэхэмкIэ зэгъэпэщыжыныгъэ щхьэхуэхэр щрагъэкIуэкIауэ щытащ IуэхущIапIэм, ауэ гугъуехь псори абыкIэ зэфIэха хъуакъым. Пэшхэм я щытыкIэр мыхьэнэншэ дыдэ хъуащ, инженер коммуникацэхэр зэхъуэкIын хуейщ.

Министрым къыхигъэщащ зыхуей хуагъэзэжыну къапэщыт унэр метр зэбгъузэнатIэу мини 6,5-рэ зэрыхъур, абы щегъэкIуэкIыпхъэ лэжьыгъэхэр зэраубзыхуар. Абы и лъэныкъуэкIэ щыIэ къэрал, щIыналъэ проект е программэ щхьэхуэхэм IуэхущIапIэр хэгъэхуэнымкIэ Iэмал зэхуэмыдэхэм хоплъэ. Нэхъапэ ирагъэщыну къагъэлъэгъуащ униплI, сабий къудамэр зыхэтымкIэ лэжьыгъэр ирагъэжьэнущ.

Нэхъапэм апхуэдэ зэи щыIакъым

ЦIыхубзхэм я дунейпсо махуэм ирихьэлIэу, КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щеджэхэм яIущIащ.

ПСОМ япэу ар еплъащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу Хэку зауэшхуэм хэта бзылъхугъэхэр» сурэт гъэлъэгъуэныгъэм. Ар игъэхьэзырат еджапIэ нэхъыщхьэм щIалэгъуалэ политикэмрэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и управленэм икIи къыщыхьат КъБКъУ-м и лэжьакIуэу Хэкур яхъумэну зэуапIэм кIуауэ щыта цIыхубз 15-м я сурэтхэр.

Зэхуэсыр къыщызэIуихым, университетым и ректорым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Алътуд Юрэ щIалэгъуалэм яжриIащ хабзэубзыху IуэхущIапIэм и унафэщIыр къазэрыIущIар зэрахуэщхьэпэнур икIи яфIэгъэщIэгъуэн Iуэхухэмкiэ абы еупщIэну IэмалыфI зэраIэр.

«ЩIалэгъуалэращ Хэкум и къэкIуэнур. Сэ сыт щыгъуи къыдэкIуэтей щIэблэм сыхуэзэну, ахэр зыдихьэххэр зэзгъэщIэну сфIэфIщ. Сыт нобэ щIалэгъуалэр зытегузэвыхьыр? Нобэрей гъащIэм дауэ ар хэзагъэрэ? - а упщIэхэм согупсыс. Абы къыхэкIыу нобэ си гуапэу жэуап естынщ фызыщIэупщIэнухэм, къэфIэтыну Iуэхухэм сэ сызэреплъым фыщызгъэгъуэзэнщ», - жиIащ Егоровэ Татьянэ.

ЩIалэгъуалэм сыхьэтым и кIуэцIкIэ упщIэ куэд иратащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым. Ахэр теухуат щIалэгъуалэм я зыужьыныгъэм сэбэп хуэхъу Iуэхухэм хуэунэтIауэ къэралым къигъэсэбэп Iэмалхэр зыхуэдэм, КъБР-м и Парламентым дэлажьэ ЩIалэгъуалэ палатэм и къалэным, цIыхубзым ехъулIэныгъэшхуэ зыIэригъэхьэн папщIэ хэлъыпхъэ хьэл-щэным, бзылъхугъэм политикэм щиIыгъ увыпIэм, нэгъуэщIхэми.

- Ди республикэм къыщытщтащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэгъуалэ политикэм теухуауэ» Законыр. Абы щыгъэбелджылащ щIалэгъуалэм зэрызедгъэужьынури гугъуехьхэр къызэнэкIыным дызэрелэжьынури. КъБР-м и Iэтащхьэм и жэрдэмкIэ, «ЛъагапIэщIэ» зэхьэзэхуэри куэдым сэбэп яхуэхъуащ IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэм IэнатIэфIхэр ягъуэтынымкIэ. Нобэ къыдэкIуэтей щIэблэр хэкупсэу, ди лъэпкъ хабзэфIхэр ящIэу къэгъэхъуным, Iуэху мыхъумыщIэхэм пэIэщIэ щIыным хуэгъэзауэ «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ IуэхущIэри къыхалъхьащ. Ахэр щIэгъэкъуэн мэхъу щIалэгъуалэ жыджэр, жэуаплыныгъэ зыхэлъ диIэнымкIэ. ЩIалэгъуалэм защIэгъэкъуэным хуэгъэзауэ къэралым иубзыхуа Iэмалхэм хуэдэ зэи щыIакъым, - къыхигъэщащ Егоровэм.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Нэхъапэм апхуэдэ зэи щыIакъым

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэубзыху IуэхущIапIэм зэи къэмыхъуауэ цIыхубз и УнафэщI зэращIар къыхагъэщу, студентхэр щIэупщIащ цIыхухъухэм уадэлэжьэныр гугъурэ-мыгугъурэ. «Псом нэхъыщхьэу сызытетыр дзыхь къысхуэзыщIахэр зэрызмыгъэщIэхъунращ. А жэуаплыныгъэр, дауи, нэхъыбэж ещI, зэрыжыфIащи, япэу бзылъхугъэм а къалэныр дзыхь зэрыхуащIам, - жиIащ Егоровэ Татьянэ. - Къапщтэмэ, унафэщI къулыкъур тыншкъым цIыхухъуми цIыхубзми дежкIэ - уи Iуэху бгъэдыхьэкIэм елъытащ цIыхум я псэукIэр нэхъыфI хъунри гугъуехьхэр зэхэгъэкIынри. Мы упщIэр сэ куэдрэ къызатри, яжызоIэ: Урысейм и щIыналъи 9-м я хабзэубзыху IуэхущIапIэхэм я унафэщIыр цIыхубзщи, абыхэм нэхърэ сэ си Iуэхур нэхъ тыншу есхьэкIыу схужыIэнущ, сыту жыпIэмэ Кавказым ис лъэпкъхэм ижь-ижьыж лъандэрэ къадокIуэкI бзылъхугъэм, анэм, пхъум, шыпхъум пщIэ щыхуащIыныр».

ЦIыхубзхэр политикэ Iуэхум зэрехъулIэм щIалэгъуалэр щыщIэупщIэм, абы жиIащ: «Хабзэубзыху IуэхущIапIэм ущылэжьэн папщIэ, куэдым ущыгъуэзэн хуейщ: экономикэм къыщыщIэдзауэ цIыхухэм я псэукIэр нэхъыфI зэрыхъуну щIыкIэм щыщIэкIыжу. Ар спорт ирехъу, медицинэ, нэгъуэщI IэнатIэу щрет - куэдым уи къэухьыр нэсын хуейщ. КъищынэмыщIауэ, ар жэуаплыныгъэ зыпылъ лэжьыгъэщ, цIыхухэм я дзыхьыр дгъэпэжын хуейщи».

Къулыкъушхуэмрэ унагъуэ Iуэхумрэ цIыхубзхэм зэрызэдахьыфым къыщытеувыIэм, Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ цIыхубзым и пщIэр зыIэтыр ар ди зэманым гугъуехьми IэнатIэ лъагэми пэщIэтыфу, абы щыгъуэми гудзакъэ иIэу, щабэу къэнэну зэрыхузэфIэкIыр зэрыарар.

2025 гъэр Хэкум и ХъумакIуэу зэрагъэувар къалъытэри, студентхэр Егоровэ Татьянэ еупщIащ Хэку зауэшхуэр я унагъуэм къызэрылъэIэса щIыкIэм. ЦIыхубзыр и адэм тепсэлъыхьыжащ. «Гвардии лейтенант» цIэр зезыхьа, топгъауэ взводым и унафэщI Егоров Борис зауэм и пэм щегъэжьауэ и кIэм пщIондэ Хэкур ихъумащ. Ар яхэтащ Кавказыр, Новороссийск къалэр, Украинэр, иужькIэ КъуэкIыпIэ Европэм и къэралхэм я къалэ зыбжанэ щхьэхуит къэзыщIыжахэм. И лIыгъэм пэкIуэу, абы ордениплI къыхуагъэфэщащ: Вагъуэ Плъыжьу тIурэ Хэку зауэшхуэ орденуи тIу. Апхуэдэуи лIыхъужьым и медалхэм яхэтщ «И хахуагъэм папщIэ»-р.

Зэхуэсым и кIэм КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым щIалэгъуалэр къыхуриджащ я мурадхэр зэрызрагъэхъулIэным хущIэкъуну, гугъуехьхэм щымышынэну.

- ЦIыхум и гъащIэм къриубыдэу мурад куэд зыхуигъэувыжын хуей мэхъу и гъуэгуанэр зэрыхишынум теухуауэ. Абыхэм язщ IэщIагъэр къыщыхихыр. Сыщогугъ нобэ къызэдэIуахэм фызыхуеджэр фигурэ фи псэкIэ къыхэфхауэ. Iуэхум ущыпэлъэщыр, ехъулIэныгъэ ущиIэр лэжьыгъэм уи гур хигъахъуэмэщ, - дыщIигъуащ Егоровэм.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, Адыгэ къэрал университетым 2025 гъэм гъатхэпэм и 14-м сыхьэт 13.00-м зэхашэну еблагъэ Дунейпсо адыгэ IуэрытхыМ жыджэру фыхэтыну фрегъэблагъэ. ЩIэныгъэ-узэщIакIуэ Iуэхугъуэр екIуэкIынущ онлайн икIи офлайн щIыкIэхэм тету.

● Хъыбарегъащ

Адыгэ Iуэрытх

ИЛЪЭСИБЛ лъандэрэ къызэрагъэпэщ Iуэхугъуэ щхьэпэм мураду зыхуигъэувыжхэм ящыщщ адыгэбзэм и пщIэр къэIэтыныр, тхыбзэм гулъытэ хэха хуегъэщIыныр, лъэпкъым щыщхэм анэдэлъхубзэмкIэ ябгъэдэлъ щIэныгъэр егъэфIэкIуэныр, щэнхабзэр хъумэныр.

Iуэрытхым адыгэу зыкъэзылъытэж дэтхэнэри хэт хъунущ, ар щыпсэу щIыпIэм, адыгэбзэм зэрыхуэшэрыуэм емылъытауэ. Ар ятхыну цIыхухэр щызэхуэсынущ ди хэгъэгум и щIыналъэхэм, курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм, библиотекэхэм.

Налшык къалэм «Адыгэ Iуэрытхыр» щекIуэкIынущ:

Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым (Чернышевскэм и цIэр зезыхьэ уэрам, 173, 501-нэ пэшым);

КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым (Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 1в, экономикэмкIэ къудамэр, етхуанэ къат);

Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ лъэпкъ библиотекэм (Нэгумэ Шорэ и цIэр зезыхьэ уэрам, 5).

IуэхущIапIэ щхьэхуэхэм емыкIуэлIэфынухэм онлайн щIыкIэм тету анэдэлъхубзэмкIэ я щIэныгъэр къыщапщытэ хъунущ интернетым щыIэ мы хэщIапIэмкIэ: https://my.mts-link.ru/j/14488225/2126132891.

Къэбэрдей-шэрджэсыбзэмкIэ диктантыр зытхахэм я лэжьыгъэхэм я сурэтыр (скан) сыхьэтым къриубыдэу къэпщытакIуэхэм хуагъэхь хъунущ мы майл-хэщIапIэм: dahnalchik@gmail.com

КIэмыргуей адыгэбзэм тету ятха тхыгъэ хьэзырхэм я сурэтыр adygkafedra@mail.ru майл-хэщIапIэм ягъэхь хъунущ.

«Дунейпсо адыгэ Iуэрытхыр» зэрекIуэкIыну щIыкIэм, ар зытет жыпхъэ убзыхуам ДАХ-м и сайтым фыкъыщеджэ хъунущ intercircass.org.

Адыгэбзэм и пщIэр къэIэтын, лъэпкъым анэдэлъхубзэмкIэ бгъэдэлъ щIэныгъэр егъэфIэкIуэн папщIэ зэхаша «Адыгэ Iуэрытхым» фыхэтыну адыгэу зыкъэзылъытэж дэтхэнэри фыкъыхудоджэ.

Упщ Iэ зиIэхэр +79289109975; +79286934817 телефонхэм фыпсалъэ хъунущ.

ШУРДЫМ Динэ.

ЩхьэщэмыщIхэ я гуащэ

Анэ, анэшхуэ насыпыфIэщ Лэскэн районым хыхьэ Хьэтуей къуажэм щыпсэу ЩхьэщэмыщI Сэмра. Бынихым, абы къытепщIыкIыжа щIэблэ хыщIым ягъэгушхуэ, абыхэм я ехъулIэныгъэм хэплъэ нанэм дежкIэ нэгъуэщI насып щыIэнкIэ хъуну?! Езы щIэблэращи, анэр, анэшхуэр зыпащI щыIэкъым, абы и макъ щабэр зэхахамэ, я гукъыдэжым зыкъиIэту, и псалъэ Iущхэр я гъуазэу апхуэдэщ. Шэч хэмылъуи, илъэс 96-нэм ит Сэмра ахэр зыхуигъэIущынрэ зыхуиущиинрэ и мащIэкъым. ГъащIэ купщIафIэ, пщIэрэ щIыхьрэ зыпылъ гъуэгуанэ и щIыбагъ къыдэлъщ нанэ угъурлым. Жьыщхьэ махуэ хъуащ зыхужаIэр абы хуэдэхэрщ.

ЛЭСКЭН ЕтIуанэ къуажэм щыщ Къумыкъухэ я унагъуэм къыщыхъуащ Сэмра. Хъыджэбзым и ныбжьыр и шэгъуэ зэманым щынэсым, ар щхьэгъусэ хуэхъуащ Хьэтуей къуажэм дэс ЩхьэщэмыщI Хьэжысмел. Зэщхьэгъусэхэр зэгурыIуэ-зэдэIуэжу, пщIэрэ нэмысрэ я зэхуаку дэлъу, я унагъуэ жьэгум хабзэр щытепщэу илъэс 65-кIэ зэдэпсэуащ. Абыхэм быних - щIалищрэ хъыджэбзищрэ - къащIэхъуащ. Дэтхэнэми щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ ирагъэгъуэтащ, хьэрэмыгъэншэу, пэжым и телъхьэу, лэжьакIуэшхуэу, жэуаплыныгъэ яхэлъу ягъэсащ, унагъуэ щхьэхуэуи ягъэтIысыжащ. Нобэ езыхэр адэшхуэ-анэшхуэхэщ, абыхэм къащIэхъуа щIэблэри къуэпсыбэ хъуащ, Сэмра нанэ и къулеигъэ нэхъыщхьэу, и гъащIэм и купщIэу къилъытэри ахэращ.

Унагъуэм и мыхьэнэр нэсу къызыгурыIуэ Сэмра абы и жьэгум и хуабагъэр хъумэным, насыпыр щызэтеIыгъэным и гъащIэр хуигъэпсащ. Ноби унагъуэшхуэм и шхэпсыр нанэ Iущырщ. Анэм и щапхъэр гъуазэ яхуэхъужащ бынхэр щхьэхуэ щыхъуми. Абыхэм я нэгу щIэкIащ Сэмра гуащэмрэ щхьэгъусэмрэ яхуиIа щытыкIэ дахэр, абыхэм якIэлъызэрихьа пщIэ-нэмысыр. ЦIыхухэм ягъэщIагъуэу жаIэжуи куэдрэ зэхахыжащ зэнысэзэгуащэм яку дэлъа лъагъуныгъэшхуэр.

- Сыт щыIэ зэгурыIуэ зэрылъ унагъуэм нэхърэ нэхъыфI?! Апхуэдэ унагъуэм къыщыхъу сабийхэм ягурэ я щхьэрэ зэтелъу, гъащIэм нэхъ тегушхуауэ хэтщ. Ар фIыуэ къызыгурыIуэ ди адэ-анэм ди сабиигъуэм гузэрыдзэ дэзыгъэщIын ныбжь гуэри къызэрытрамыгъэдзэным хущIэкъуу къытщхьэщытащ. Быних драIэти, псори дызэрылъагъуу, дызэрылъытэу, зым и жыIэр адрейм зэхихыу дыкъэхъуащ. Балигъ дыхъуу щхьэж и унагъуэ щыдухуэжами, лъабжьэ быдэ тхуэхъуар ди адэмрэ анэмрэ я зэхущытыкIарщ. Быным зэхэтхыу а тIум я макъыр Iэтауэ щызэпсэлъа къэхъуакъым, сыт хуэдэ IуэхумкIи зэчэнджэщу, я акъыл зэтехуэу къызэдекIуэкIащ. Ди анэр сабий садым и унафэщI IэнатIэм къыпэрыкIыжу унагъуэм, быным и зэман нэхъыбэ тригъэкIуадэмэ нэхъ къызэрищтэр ди адэм щыжиIэм, абы и псалъэ тIэужыIэ ищIакъым. Сытым дежи адэм и пщIэр зэрытIыгъыным дыкъыхуриджэрт: «Сэ нэхърэ нэхъыфIу фи адэр флъагъун хуейщ. Фэ нэхъ лъапIи абы иIэкъым, гугъу зэрызыкъывдригъэхьыр зэхэфщIыкI, зыми фримыгъэхъуапсэу, фызыхэтым фахэгъуащэу фыпсэунымкIэ абы хузэфIэкI къигъанэркъым. Абы хуэфщI пщIэм, ар зэрыфлъагъум хуэдэущ сэри сыкъызэрыфлъытэу згъэувынур», - къыджиIэрт. Бзылъхугъэм къыпкърыкIын хуей хуабагъэмкIэ и унагъуэ жьэгур ипсыхьри, ар зэрыпхъумэным и хабзэм дыщIипIыкIащ, - жаIэ Сэмра и бынхэу Мухьэмэд, Мухьэдин, Залымджэрий, Ирэ, Изэ, Заремэ сымэ, я анэм щытепсэлъыхькIэ.

- Гуащэ цIэр зэрихьэми, анэм хуэдэущ къызэрытхущытыр, - къыпащэ псалъэмакъым нысэхэу Ритэ, Ларисэ, Оксанэ сымэ. – Абы и цIыху щIыкIэм, хьэлыфIу хэлъым теухуауэ куэд пхужыIэнущ, ауэ псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, ар сыткIи дэIэпыкъуэгъу къытхуэхъуащ, дэтхэнэми ди Iуэхур къыддигъэпсынщIащ, ноби ди чэнджэщэгъуфIыр аращ. Езым хуэдиз дыщэ и уасэщ ди унагъуэшхуэм и жьэгум и гуащэр.

ЦIыху щабэщ, жумартщ, гуапэщ, нэмысыфIэщ, зэпIэзэрытщ, Iущщ Сэмра. Апхуэдэущ ар къуажэми, лъэпкъми, хьэблэми зэрацIыхур. ЩхьэщэмыщIхэ я лъэпкъым и гуащэщ ар нобэ, и нэхъыжьагъкIэ мыхъууи, и дуней тетыкIэ екIумкIэ, и цIыху хэтыкIэ дахэмкIэ а пщIэр абы къилэжьыжащ. ЛъагъуныгъэшхуэкIэ гъэнщIащ нанэ Iумахуэм и гур, абы и гулъытэр псоми ялъегъэс. И благъэIыхьлыхэм ящыщу абы зи Iуэху зыщимыгъэгъуазэ щыIэкъым, зыри зыщигъэгъупщэркъым, уеблэмэ псоми я цIэр къыпхурибжэкIыфынущ, дэтхэнэми хужиIэн псалъэ гуапэ къегъуэтыф, апхуэдизкIэ яхуэгумащIэщи.

И Iэгу и Iэнэу къекIуэкIащ Сэмра. Зи нэгум хуабагъэрэ гуапагъэрэ кърих бзылъхугъэ угъурлыр нэгъуэщIуи уи нэгу къыпхущIэгъэхьэркъым. И ерыскъы куэдым яIухуащ, Iэджэри къыкIэлъагъэзэжащ абы игъэхьэзырауэ ягу дыхьа шхыныгъуэм. Сыт ипщIэфIми, фIы дыдэу къехъулIэрт, гурыхьт. Ауэ щыIэкъэ зы ерыскъыгъуэ гуэрым и IэфIыр Iум къинэу. Сэ шэч къытесхьэркъым Сэмра и Iэнэ тешхыкIахэм псоми апхуэдэ зы шхыныгъуэ гуэркIэ нанэр куэдрэ ягу къызэрихьэм. Псалъэм папщIэ, къуэрылъхупхъурылъхухэм къыхагъэщ абы и щIакхъуэ Iэрыпщыр. Си адэм зыхилъхьэ щыIэтэкъым Сэмра и къэб дэлэныр. Абы игъэхьэзырауэ ар зымышхам къэб дэлэным и IэфIыр зыхимыщIауэт къызэрилъытэр.

Къуэрылъху-пхъурылъхухэм, абыхэм я щIэблэм, анэшхуэм яку дэлъ зэхущытыкIэр зыми хуэдэжкъым. Нанэм и гуапагъэмрэ хуабагъэмкIэ егъэнщI абыхэм я дунейр, езыхэми анэшхуэм къыхуаIэ лъагъуныгъэр къыпхуэмылъытэнщ.

- И теплъэ фIэрафIэм хуэдэу, псэкупсэ дахэ иIэщ ди нанэм. Абы къытепщIыкIыжахэр дымащIэкъым, ауэ дэтхэнэри и гулъытэ дыщигъащIэркъым, и псэм и хуабагъэр псоми зыхыдегъэщIэф. Гуапагъэр къызыщIих и нитIыр къыптриубыдамэ, и Iэ щабэхэмкIэ къоIусамэ, абы зыхыуигъащIэ гупсэхугъуэр зыхуэбгъэдэн щыIэкъым, - жаIэ Сэмра и къуэрылъху-пхъурылъхухэм.

Абыхэм псоми зыжьэу къыхагъэщ анэшхуэм и Iущагъыр, абы и чэнджэщ щхьэпэхэм гъащIэр куэдкIэ нэхъ тынш къазэрыщищIыр, нанэм и лъагъуныгъэм тегушхуэныгъэ къазэрыхилъхьэр.

- Анэшхуэм дэзгъакIуэ илъэсхэр хъугъуэфIыгъуэ мылъытэущ къызэрысщыхъур, - жеIэ Сэмра и пхъурылъху Иннэ. – Гуапэу сигу къокIыж си цIыкIущхьэм абы и деж щесхьэкIа махуэхэр. Сытым дежи зы гъэщIэгъуэн гуэр къыщысщIэрт. Абы и гъащIэ хъыбархэр сэбэпышхуэ къысхуэхъуащ фIымрэ Iеймрэ я уасэр къэсщIэнымкIэ, цIыху лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэм я мыхьэнэр нэсу къызгурыIуэнымкIэ. Абы щыгъуи иджыри нанэ и нэхэм сыщыщIэплъэкIэ си гъащIэм и сурэтыр абыхэм щIэслъагъуэу къысщохъу. Си анэшхуэм хузиIэ пщIэмрэ лъагъуныгъэмрэ я фэеплъщ си хъыджэбзым абы и цIэр зэрыфIэсщыжар.

Сэмра и ныбжьыр илъэс 96-м итми, жыджэрщ, и Iуэху Iыхьэ ещIэж. Абы и деж лъагъунлъагъу кIуэхэм ягъэщIагъуэу гу зылъатэр нанэм «Адыгэ псалъэ» газетымрэ тхылъхэмрэ иджыри зэриIэпэгъурщ. «Пэшым дыщыщIыхьам, Сэмра «Адыгэ псалъэм» еджэу тахътэм ист, ари нэгъуджэ Iумылъу», - а псалъэхэр сэ куэдрэ зэхызох нанэ Iумахуэм хужаIэу.

- «Адыгэ псалъэм» «Ленин гъуэгуу» щыщыта зэман лъандэрэ Iэ тызодзэ, ар си унагъуэм къимыхьэуи си гъащIэр си нэгу къысхущIэгъэхьэркъым, - жеIэ Сэмра. – Зы тхыгъи блэзмыгъэкIыу сыкъызэреджэным иужь ситщ. Псом хуэмыдэу сфIэфIщ хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм, тхыдэм, хабзэм, цIыху цIэрыIуэхэм, лэжьакIуэшхуэхэм ятеухуа тхыгъэхэр. Адыгэ лъэпкъым ди бзэкIэ къыдэкIыу а зы газетыращ диIэри, сыхуейт ар адэкIи ефIэкIуэну, и гъуэгур кIыхь хъуну.

Сэмра и бынхэр насыпыфIэщ я анэм и жьауэм зэрыщIэтымкIэ. АдэкIи и узыншагъэм хэмыщIу, лъэрытету, гукъыдэжыр иIэу я унагъуэ жьэгум дэсыныр я хъуэпсапIэщи, Тхьэм къахузэпищэ!

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

Зэманым поджэж

КъыдэкIуэтей щIэблэр тэмэму гъэсэнымрэ егъэджэнымрэ и гуащIэ ирихьэлIэу илъэс плIыщIым щIигъуауэ мэлажьэ Урожайнэ къуажэм дэт курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ и егъэджакIуэ Хьэгъур (Бэрэздж) Светланэ Астемыр и пхъур. Ар категорие нэхъыщхьэ, Iэзагъ къулей зиIэ егъэджакIуэщ, методическэ чэнджэщ зэмылIэужьыгъуэхэм я авторщ. ЕгъэджакIуэр сыт щыгъуи егъэджэныгъэм и IэмалыщIэхэм лъыхъуэу, нэгъуэщI предметхэм щIэуэ къыхэхъуэхэм кIэлъыплъыфу, ахэр езым иригъэдж предметым къыщигъэсэбэпу мэлажьэ.

МЕТОДИКЭ и лъэныкъуэкIэ Iэзагъышхуэ хэлъу еухуэ абы и дерсхэр. Зи лэжьыгъэм хуэпсэхьэлэл Светланэ нэхъ Iэмал щхьэпэхэр къигъэсэбэпкIэрэ сыт хуэдизкIи еджакIуэхэр предметым зэрыдригъэхьэхыным хэтщ. БгъэдыхьэкIэщIэхэр и лэжьыгъэм хипщэкIэрэ сабийхэм яIэ зэфIэкIым зрегъэужь, «Сабийхэм яIэ критическэ гупсысэкIэм зегъэужьын» IэмалыщIэр хэпщэнымкIэ лэжьыгъэшхуэ ирегъэкIуэкI. ЕджакIуэ цIыкIухэр егъасэ Iуэхугъуэ гуэрхэм кIэлъыплъыфу, къахутэфу, зэрагъэпщэфу, я еплъыкIэхэр хьэкъыгъэ хэлъу къагъэлъэгъуэфу, къазэрыщыхъуар жаIэфу. А Iуэхугъуэ псори сэбэп мэхъу сабийхэр тэмэму гупсысэфу, нэгъуэщIым щымыгугъыу и ныбжь елъытакIэ сыт хуэдэ Iуэхуми жыджэру бгъэдэувэфу, абы екIуу хэтыфу, къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм я къызэгъэпэщакIуэу щытынымкIэ. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэхэр егъэджэныгъэм нобэрей зэманым къыхуигъэув къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ.

Светланэ и лэжьыгъэр тэмэму ухуа зэрыхъуам и щыхьэтщ еджакIуэхэм адыгэбзэмрэ литературэмкIэ щIэныгъэфI зэраIэр. Абы иригъаджэ цIыкIухэм районым, республикэм щекIуэкI олимпиадэхэм увыпIэ лъагэхэр къыщахь. Зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм, къапщтэмэ, («Си бзэ – си псэ, си дуней» зэпеуэм ипкъ иткIэ «Сигма», «ЩIэныгъэм щач япэ лъэбакъуэхэр», «Сочиненэ нэхъыфIхэр» жыхуиIэхэм, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ еджэныгъэхэм япэ увыпIэхэр щызыIэрагъэхьэ.

Адыгэбзэмрэ литературэмрэ я мызакъуэу егъэджакIуэм и гъэсэнхэм ядрегъэкIуэкI лъэпкъ хабзэм, щэнхабзэм, тхыдэм теухуа къэхутэныгъэ лэжьыгъэ куэд. Ар жыджэру холэжьыхь районым, республикэм щекIуэкI семинархэм: зэманым дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ методическэ темэхэмкIэ мастер – классхэр, урок зэлухахэр щIэх-щIэхыурэ ет, гъэ еджэгъуэщIэм щIидзэжыным ипэ къихуэу шыщхьэуIум мазэм ирагъэкIуэкI зэIущIэшхуэм егугъуу зыхуегъэхьэзыр. Еджэныгъэр фIагъ хэлъу къызэгъэпэщын, гъэсэныгъэ тэмэм сабийхэм ягъуэтын папщIэ, мыхьэнэ къызэрыкI IэмалыщIэхэр я лэжьыгъэм хагъэхьэнымкIэ, езым иIэ ехъулIэныгъэхэм я щэхухэмкIэ къыдэлажьэхэм ядогуашэ. А IуэхугъуэмкIэ иIэ еплъыкIэхэр ди республикэм, Тэрч щIыналъэм къыщыдэкI газетхэм щIэх-щIэхыурэ къытохуэ. Апхуэдэ тхыгъэ купщIафIэхэм ящыщщ «Анэдэлъхубзэм и IэфIым псэр егъэхуабэ», «КлассщIыб лэжьыгъэм къыхэсха гъэунэхуныгъэхэр», нэгъуэщIхэри. Апхуэдэу Светланэ лекцэ къыщеджэну ирагъэблагъэу щытащ егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ IэнатIэм адыгэбзэр езыгъэджхэм щхьэкIэ къыщызэрагъэпэщ курсхэм.

Хьэгъурыр ящыщщ адыгэбзэмкIэ районым щыIэ секцэм и лэжьыгъэр зыубзыхухэм, къызэзыгъэпэщхэм. ЕгъэджакIуэхэм я IэщIагъэ зэрыхуэIэкIуэлъакIуэм хагъэхъуэн мурадкIэ, абы методическэ чэнджэщхэр еубзыху, сабийхэм я щIэныгъэр здынэсыр къэзыпщытэ экзамен, олимпиадэ комиссием хэтщ. Ар езыри и гъэсэнхэри мызэмытIэу и утыку ихьащ «Си бзэ – си псэ, си дуней» республикэ зэпеуэм, ехъулIэныгъэфIхэри къыщахьащ, и лауреати хъуащ. Апхуэдэ Iэзагъ лъагэхэмрэ щIэныгъэ куумрэ къапэкIуащ щытхъу, фIыщIэ тхылъ бжыгъэншэхэр.

И къаруи, и зэмани емыблэжу и лэжьыгъэ IэнатIэм ехъулIэныгъэхэр иIэу зэрыбгъэдэтым къыпэкIуэу Хьэгъурым къыхуагъэфэщащ «Урысей Федерацэм егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр. Урысейм и профсоюзхэр илъэсищэ щрикъум ирихьэлIэу абы и федерацэм къыбгъэдэкIыу юбилейнэ медаль къратащ. КъинэмыщIауэ, «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ къэралым илъэс куэд лъандэрэ щекIуэкI «ЕгъэджакIуэ нэхъыфI» зэпеуэми пашэ щыхъуахэм, абы папщIи саугъэт зыхуагъэфэщахэми ящыщщ Хьэгъурыр.

ЕгъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэм, адыгэбзэр зи псэм хэлъу псэу Светланэ ди гуапэу дохъуэхъу Бзылъхугъэхэм я дунейпсо махуэмкIэ. Узыншагъэ иIэу, унагъуэ насыпрэ бын гуфIэгъуэрэ щымыщIэу псэуну, и ехъулIэныгъэфIхэмкIэ и цIэр иджыри куэдрэ къэIуну ди гуапэщ.

ТАМБИЙ Линэ.

Iэдииху и фащэхэр

Адыгэ хабзэм, лъэпкъ щэнхабзэм, щхьэхуитыныгъэм я къарур щызыхэпщIэу, «Adiyuh» зыфIаща фэилъхьэгъуэхэр иджыблагъэ Dubai Fashion Week гъэлъэгъуэныгъэм и утыку къыщрахьащ. Ар и IэдакъэщIэкIщ АфэщIагъуэ Джамилэ.

ХЪЫДЖЭБЗЫМ и IэдакъэщIэкIхэр нэхъ ипэкIи утыкушхуэхэм щигъэлъэгъуауэ щытащ. Псалъэм папщIэ, цIыхубз бостейм хьэзырхэр тету абы игъэхьэзыра лэжьыгъэхэр Mercedes-Benz Fashion Week Russia выставкэм хэтат и саугъэтри къыхуагъэфэщат. Уеблэмэ а щыгъынхэр къытрагъэдзэжат L'Officiel (урысей), Vogue (итальян) журналхэм.

- «Adiyuh» зыфIэсща фэилъхьэгъуэрхэр къэунэхуным лъабжьэ хуэхъуар си адэм фIыуэ илъагъуу икIи езым жиIэу щыта «Iэдииху» уэрэдырщ. А уэрэдыр абы апхуэдизкIэ дахэу игъэзащIэрти, псысэ гуэр си нэгу къыщIыхьэрти, шы дахэм сытесу щIыналъэ жыжьэхэм сахьырт. Сыщысабийм а уэрэдым щIэлъ гупсысэр зэрыгукъутэр къызгурыIуэртэкъым, дауи. Абы къыхэкIыу, си дежкIэ а уэрэдыр нэхъыбэу си адэ лъапIэм и фэеплъу аращ. Адыгэшыр кърурш лъагэхэм я лъагъуэ бгъуззэ цIыкIухэм дэкIуеифрэ лъагапIэм къемыхуэхыжу зыщиIыгъыфу зэрагъэсэу щытам хуэдэу, сыт хуэдэ Iуэху е гугъуехь срихьэлIами, абы си щхьэр лъагэу сIыгъыну, сыт щыгъуи и пэкIэ сыплъэну сыхуигъэлъэущу щытащ, - жеIэ дизайнерым.

Бухгалтер IэщIагъэм хуеджа Джамилэ дэрбзэр IэщIагъэм езыр-езыру зыхуигъэсэжащ, уеблэмэ «SaiJamin» брендыр къызэригъэпэщыжауэ дунейпсо утыку иджыпсту итщ.

Дэным зыкIи пымыщIа хъыджэбзым лъэпкъ хабзэмрэ иджырей модэмрэ щызэхэухуэна щыгъынхэр идыну япэу игу къыщыкIар Тбилиси зыгъэпсэхуакIуэ кIуауэ зы шоу-рум гуэрым ирихьэлIа нэужьщ. ДизайнымкIэ москва академием къызэригъэпэщ курсхэм я зым ар щеджащ, икIи мазибгъум къриубыдэу эскиз ищIу зигъэсащ, дэным, маркетингым, нэгъуэщIхэми щыгъуазэ захуищIащ. Нэхъ гъэщIэгъуэнрати, сабийхэр игъэжеижа нэужьт абы еджэн щыщIидзэр.

- Сыт щыгъуи щыгъын дахэхэр сфIэфIт, уеблэмэ сэ зесхьэхэм яхэтт дизайнерхэм я деж къыщысщэхуаи. Ауэ зэи сигу ирихьу щытакъым цIугъэнэхэр. Арати, сегупсысащ егъэлея зыкIэрымылъ ди лъэпкъ фащэр иджырей дизайным къыщызгъэсэбэпыну, - жеIэ АфэщIагъуэм. - Куржым цIыхубз бостейхэр хьэзыркIэ ягъэдэхауэ зэрыщыслъэгъуар къэсщIэжри, абыхэм къащхьэщыкIыу, сэ а пкъыгъуэхэр Iэщхьэми, бостеикIэхэми, уеблэмэ бэлътоми къыщызгъэсэбэпащ. ЦIыхубз фащэм и Iэщхьэтелъым хуэдэкIэ гъуэншэдж зыпыт кIэстумыр иризгъэдахащ. Апхуэдэу си диплом лэжьыгъэр - Circasso - згъэхьэзырауэ щытащ. Абы щыгъуэм къызжаIат иджырей фэилъхьэгъуэхэм лъэпкъ дамыгъэхэр хэухуэнауэ дыныр зэи модэм зэримыкIынур.

Джамилэ лъэпкъ дамыгъэхэмрэ хэдыкIыкIхэмрэ я закъуэтэкъым тегъэщIапIэ ищIыр, ар нэхъыбэу зыхэтыр иджырей щыгъынхэмкIэ лъэпкъ гупсысэ, хабзэ, щэн къызэригъэлъэгъуэнырщ.

«Mercedes-Benz Fashion Week Russia Iуэхум и саугъэт къэсхьын дэнэ къэна, си гугъатэкъым си лэжьыгъэхэр кIуэцIрыкIыххэну. АрщхьэкIэ «Iуащхьэмахуэ» зыфIэсща фэилъхьэгъуэхэр (20 хъун хуейт) гуп зэщIэзгъэуIуам и гъусэу тхьэмахуитIым и кIуэцIкIэ дгъэхьэзырри, щIэупщIэшхуэ яIэ хъуат, - игу къегъэкIыж абы.

КъыкIэлъыкIуэу АфэщIагъуэр ирагъэблэгъащ Езанэ каналымкIэ екIуэкI «Модный приговор» нэтыным икIи и фэилъхьэгъуэу 8 утыку щагъэлъэгъуат, Бэрбэч Аскэр жиIэ уэрэд къеуэу.

Джамилэ и Iуэху бгъэдыхьэкIэр адрей дизайнерхэр зэрылажьэм къыщхьэщокI - ар псом япэ щэкIым еплъмэ нэхъ къещтэ, апхуэдэу фэилъхьэгъуэр и нэгу къыщIоувэ. ИтIанэщ эскизым щетIысылIэр. Бзылъхугъэм и фэилъхьэгъуэхэр ягу зэрыдыхьэр нэрылъагъу ещI езым и щэхуакIуэхэр иIэ зэрыхъуам.

Хьэлэмэтращи, дэрбзэр цIыхубзым и IэдакъэщIэкIхэм гу къылъатащ куржы, урысей уэрэджыIакIуэ Топурия Кетирэ телевиденэм нэтын щезыгъэкIуэкI Лопырёвэ Викториерэ икIи зэгурыIуэныгъэкIэ абыхэм фэилъхьэгъуэхэм щыщ яхуригъэшащ. Джамилэ и хъуэпсапIэхэм щыщщ и IэдакъэщIэкIхэр Тбилиси щекIуэкI шоурумхэм щигъэлъэгъуэныр, дауэ хъуми, абдежщ и IэщIагъэм теухуа гупсысэхэр къыщыушар.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

Дунейм щыхъыбархэр

Я зэпыщIэныгъэхэм зрагъэужьынущ

Москва щызэхуэзащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимиррэ иджыблагъэ Абхъаз Республикэм и Президенту хаха Гунбэ Бадрэрэ.

«АБХЪАЗИЕМ президент хэхыныгъэхэр гуащIэу щекIуэкIащ, ауэ нэхъыщхьэрати, я еплъыкIэр къагъэлъэгъуэну абы цIыхухэр хъарзынэу екIуэлIащ. Узыпэрыхьа къулыкъум ущымыгъуазэу щыткъым, нэхъапэкIэ республикэм и вице-президент къалэнхэр зэрепхьэкIар къэплъытэмэ, шэчыншэщ Iуэхум хъарзынэу узэрыпэлъэщынур», - жиIащ Путин Владимир Гунбэ Бадрэ щехъуэхъум.

Къэралым и УнафэщIым къыхигъэщащ Москварэ Сыхъумрэ зэхущытыкIэфIхэр яку зэрыдэлъыр, адэкIи я зэпыщIэныгъэм зэрызрагъэужьынум иужь зэритынур. Апхуэдэу къигъэлъэгъуащ Абхъазыр электрокъарукIэ тэмэму къызэгъэпэща хъунымкIэ Урысейр дэIэпыкъуэгъу зэрыхъунур.

Гунбэ Бадрэ жиIащ дзэ-политикэ, социально-экономикэ унэтIыныгъэхэмкIэ Урысейр я республикэм сыт щыгъуи щIэгъэкъуэнышхуэ къыхуэхъуу къызэрекIуэкIар, Абхъазым и цIыхухэм ар зэрызэхащIэр икIи я зэдэлэжьэныгъэм къызэрыпащэнум зэрыхущIэкъунур.

Нобэ

♦ **Театрым зэрыщIыхьэ билетхэр зыщэ кассирым и махуэщ**

♦ **1960 гъэм** Куба щыщ жэмыш Пащты Салимэ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь цIэр къыфIащащ.

♦ **1919 гъэм** къалъхуащ адыгей тхакIуэ, усакIуэ, зэдзэкIакIуэ, **Жанэ Кърымызэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 18, жэщым градуси 3 - 7 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Бзылъхугъэр унагъуэм и лъынтхуэщ.

Бзылъхугъэ гуащIафIэт

Анэшхуэм и теплъэр нэгум щIэкIыркъым... Нэхэм нэпсыр къатолъадэ ар си гукъэкIыжхэм хьэщIэ къудейуэ къызэрыхэнар къыщызгурыIуэкIэ. Абы къыдэкIуэуи IутIыж Борис и усэ сатырхэр гум кърэдзэ:

ФIыкъым щымыIэжым куэдрэ утегъэныр, -
ГъащIэм фIэфIыр псоми ебэкъуэфхэращ.
Ауэ дауэ уи гум уззребэкъуэнур, -
Абы и блэкIари нобэри уэращ...

Илъэсибл... Апхуэдиз зэман дэкIыжащ Шэрэдж районым хыхьэ Аушыджэр жылэ цIыкIуми нэгъуэщI щIыпIэхэми фIыуэ къыщацIыхуу щыта, нобэми ящымыгъупщэжа, цIыхуфIу, гуапэу дунейм тета, фIыщэу слъагъу си анэшхуэ Джэдгуэш (Ныρхэ япхъут) Хьэнифэ Багъэтыр и пхъур къызэрытхэмытыжрэ. Абы и гъащIэ гъуэгуанэм сриплъэжкIэрэ сэ схужыIэнущ а бзылъхугъэ псэ хьэлэлым зэфIэкIышхуэ зэрыбгъэдэлъар. Анэшхуэм и гъащIэ псор хуигъэпсат бынымрэ абы я щIэблэмрэ гъэсэным.

Гугъуехь куэд и нэгу щIэкIащ абы, «зауэм и бынхэр» зыхужаIэ щIэблэм ящыщт. Хэку зауэшхуэр щIидзэным тхьэмахуэ иIэжу дунейм къытехьа си анэшхуэм зауэ, абы иужь лъэхъэнэхэм щыIа хьэзаб псори игъэващ. И ныбжьыр илъэс 11-м иту ар школым къыщIэкIри, балигъхэм я гъусэу губгъуэм лэжьэн щыщIидзащ, зауэм къулейсыз ищIа цIыхубэ хозяйствэр зэфIэгъэувэжыным и гуащIэ хилъхьэу. Гугъуехьымрэ хьэзабымрэ къызэфIагъэщIакъым анэшхуэр, и щхьэ мыгъуагъэ хуихьыжу щысынуи апхуэдэ зэман абы зэи иIакъым.

Каменномост (Къармэхьэблэ) къыщалъхуа пщащэр Аушыджэр къуажэм дэс Джэдгуэш Мухьэмэд щхьэгъусэ хуэхъуащ. Зэманыр кIуэурэ унагъуэм хъыджэбзиплI къихъуащ. Хуэмурэ я гъащIэр нэхъ зэтеувэ хъуат, мэжэщIалIэ сабиигъуэ лъэхъэнэр къызэранэкIат. АрщхьэкIэ узэрыгугъэу ухъурэ жыхуиIэракъэ... И ныбжьыр илъэс 42-м иту узыфэ хьэлъэм ихьащ и щхьэгъусэр. Аргуэру IэнатIэ гугъу пэрыувэжат анэшхуэр: абы къыхуэнат сабииплI, я нэхъыжьыр илъэс 15, я нэхъыщIэр илъэси 6 фIэкIа мыхъуу. И бгыр щIикъуззэри, и бынхэр лъэ быдэкIэ гъащIэм хигъэуващ, псоми щIэныгъэ яригъэгъуэтащ. КъищынэмыщIауи, пасэу дунейм ехыжа ипхъу Iэсият и хъыджэбзитIыми анэ папщIэ яхуэхъуащ. Сэри си шыпхъу нэхъыщIэми Хьэнифэ щIэгъэкъуэнышхуэ тхуэхъуащ. Езэш зымыщIэ бзылъхугъэ гуащIафIэт, быным, абы я щIэблэм къыттеубгъуауэ и гъащIэр ирихьэкIащ. Зэи мылажьэу щысакъым ар. Иужьрей илъэс 20-м къуажэм дэт курыт еджапIэм къабзагъэм кIэлъыплъу щыIащ, иджыпсту анэшхуэр зыпэрыта лэжьыгъэр сэ изохьэкI.

Дэнэ сыщыIэу сыкъекIуэлIэжами, анэшхуэр пщэфIапIэм къыщызэжьэрт, фIыуэ илъагъу радиом бгъэдэсу. Илъэс зыбжанэ хъуауэ ар зыщIэмысыж пэш нэщIым сыкъыщыщIыхьэжкIэ, къысщохъу бжэр Iусхмэ, гуапагъэр къызрих и нэгум сиплъэну, япэхэм хуэдэу къззыцIыхухэр къызэрыщIэупщIэжари нэгъуэщI хъыбар куэди жесIэну къысфIыдрехьей... АрщхьэкIэ пщэфIапIэр нэщIщ икIи щымщ. Анэшхуэр зыщIэмысыж унэри зеиншафэщ.

ФIыщэу слъагъу бзылъхугъэм и фэеплъщ гъуэжьыфэ хъуа махуэгъэпсыр, илъэсибл мэхъури ар зыми къызэригъэзэкIакъым, анэшхуэм и иужьрей махуэм - щIышылэм и 16-м - къытенащ. Апхуэдэу иджыри блыным фIэлъщ илъэс куэд ипэкIэ къызэрысхуэупсауэ щыта открыткэр. Абыхэм нэр теплъызэмэ, анэшхуэм и жьауэм сыщIэту згъэкIуа зэман гукъеуэншэм сыхашэжри, теплъэгъуэ дахэ куэд нэгум къыщIохьэж.

Си анэшхуэр фIыуэ къэзыцIыхуу щытахэм, зыдэлэжьахэм, благъэ-Iыхьлыхэм куэдрэ гуапэу абы и гугъу ящIыж, апхуэдэхэм деж и фэеплъым игъуэт пщIэм гур нэхъ егъэщабэ. ЗэрыжаIэу, цIыхур псэущ абы теухуа гукъэкIыжхэр щыIэхукIэ. Дэри, абы и унагъуэм, ар ди гъусэм хуэдэу, сыт щыгъуи дигухэм щыпсэунущ.

ДЖЭДГУЭШ Оксанэ,
Аушыджэр къуажэ

Щапхъэщ и япэ егъэджакIуэр

ЕгъэджакIуэр куэдым и къежьапIэщ. ПэщIэдзэ классхэм щезыгъаджэ егъэджакIуэмэ, ар щапхъэ яхуохъу сабийхэм. Щапхъэ ухъун папщIи, уи гъэсэнхэм я псэм удыхьэн хуейщ. Ар щыпхуэзфIэкIынур а IэщIагъэр дуней щхьэхуэ пхуэхъумэщ, узыхэт цIыкIухэр фIыуэ плъагъумэщ. ЕгъэджакIуэр - уи псэм щыщ Iыхьэ махуэ къэс зыхэплъхьэ IэщIагъэщ. Сонэ (Багъ) Ларисэ илъэс 20-м щIигъуауэ пэрытщ а IэнатIэм. Зэгуэр езыр зыщеджа Каменномост (Къармэхьэблэ) дэт курыт еджапIэ №2-р, щIэныгъэм и гъуэгум тезышауэ щыта егъэджакIуэхэр щапхъэ хуэхъуащ. Ларисэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым математикэм щыхуеджащ. ПIалъэкIи класс нэхъыжьхэм щIэсхэм ядэлэжьащ. ИужькIэ пэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэ IэщIагъэр зригъэгъуэтыжауэ, Налшык дэт курыт еджапIэ №7-м пэщIэдзэ классхэр щрегъаджэ. И IэщIагъэм зэфIэкI щигъэлъагъуэ зэпытщи, щIэблэм я гъэсэныгъэмрэ щIэныгъэ етынымрэ хуищI хэлъхьэныгъэм папщIэ щIыхь, фIыщIэ тхылъ куэди къыхуагъэфэщащ. ЕгъэджакIуэр и гъэсэнхэм щахэтым деж къигъэсэбэп щIэныгъэ Iэмалхэр, езыр IэщIагъэм дезыгъэхьэх IуэхугъуэхэрIэр къэтщIэну, упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ.

- ПэщIэдзэ классым щIэсхэр ебгъэджэну нэхъ гугъуу къысщохъу. Сыту жыпIэмэ, мыбдеж егъэджэным хуэдиз дыдэу гъэсэн къалэнри къоув. Сыт хуэдэ Iэмалхэр къахуэбгъуэтрэ цIыкIухэр тхылъым, еджэным, тхэным, щIэ гуэр къащIэным тебгъэгушхуэн папщIэ?

- Пэжщ, сабийм уахэтыныр, ебгъэджэныр тыншкъым. Я гупсысэм зэрыубыдын щIидзэ къудейщ, я гъэсэныгъэми псом хуэмыдэу щегугъун хуей зэманщ пэщIэдзэ классхэр. ЦIыкIу щIыкIэ хуэгъэсэн хуейщ нэхъыжьхэм пщIэ хуащIыным, адэ-анэр ялъытэным, фIы гуэркIэ щапхъэ хъуным, Iеймрэ фIымрэ зэхагъэкIыным, я къежьапIэмрэ я бзэмрэ фIыуэ ялъагъуным. Сабийр гъуэгу пэж теувэныр пэщIэдзэ классхэм къыщыщIедзэ. Абы теухуауи школым Iуэхугъуэ куэд щыдогъэкIуэкI - долэжь сабийхэм хьэл-щэн дахэ зэрахэтлъхьэным, щIэныгъэ лъабжьэ зэреттыным.

Теплъэкlэ зэрызэмыщхьым хуэдэу, еджэнри зэхуэдэу къащтэркъым цIыкIухэм. Хэт еджэным и гур етащ, хэти иджыри джэгуным нэхъ хуоIэ. Абы ипкъ иткIэ, дерсхэри джэгукIэ Iэмалым тету идогъэкIуэкI. Сабийхэр абы нэхъ дехьэх, нэхъ тыншу я гум ираубыдэ. Псалъэм папщIэ, хьэрфхэр езгъэщIэн папщIэ абыхэм, псэ яIутым хуэдэу, допсалъэ, дадоджэгу. Бжыгъэхэр къегъэщIэнми апхуэдэ дыдэу солэжь.

КъыдэкIуэтея нэужь IэщIагъэ яхуэхъункIэ хъунур, щхьэж нэхъ къехъулIэну къыпщыхъур, пэщIэдзэ классхэм щегъэжьауэ къыщыбгурыIуэ къэхъурэ?

- Шэч хэмылъу, гу лъыботэ сабийр нэхъ дэзыхьэхым. Я зэфIэкIхэр щызгъэунэхукIэ, сыщегупсыси къуохъу: «Мыр IэщIагъэ хуэхъунт мы сабийм», - жысIэу.

- Улэжьэну гукъыдэж къозытыр, Iуэхум утезыгъэгушхуэр, къару пхуэхъур...

- Гукъыдэж къызэзытыр, къару къысхэзылъхьэр езы сабийхэрщ, абыхэм я ехъулIэныгъэрщ, щIэщыгъуэу къащIэм зэрыщыгуфIыкIырщ. СфIэфIщ сабийхэм сахэтыну. Абыхэм къайхъулIэм си гугъуехьи зэрыхэлъыр зэрызыхэсщIэм сегъэгушхуэ. Гъэсэнхэр гуфIэу къыщыспежьэм деж си гур хохъуэ, гукъыдэж къызат, нэхъыбэ езгъэщIарэт жысIэу, Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэр къэслъыхъуэну сытрагъэгушхуэ.

Сызыщылажьэ курыт еджапIэм и унафэщI Хьарзынэ Заур мыбы къекIуалIэ еджакIуэхэр зыхуей хуэзэным, еджэным я гур траухуэным Iэмал къыхуегъуэт. Апхуэдэ унафэщI зиIэ егъэджакIуэхэри зэгурыIуэ-зэдэIуэжу, зэчэнджэщу, зызыщIагъакъуэу зэдолажьэ. Курыт еджапIэм и пщIэр еIэт а псом. Адэ-анэхэм яфIэфIу я бынхэр къагъакIуэ.

- Уэ езыр школым ущыщIэса зэманыр уигу къэгъэкIыжи, сытым нэхъ удихьэхрэт уеджэну? Зэгуэр егъэджакIуэ узэрыхъунур зыхэпщIэрэт абы щыгъуэ?

- Курыт еджапIэм щыщIэса зэманыр хэт и дежкIи гукъинэжщ. Сэ къэзухащ Къармэхьэблэ дэт етIуанэ курыт еджапIэр. Сыщеджэм нэхъ сыдахьэхырт математикэмрэ физикэмрэ. Еджэным сыдрагъэхьэхыфащ егъэджакIуэфIхэм, къызэхъулIахэм сыт щыгъуи хызолъагъуэ абыхэм я фIыщIэ. ЕгъэджакIуэм и лэжьыгъэр зэрымытыншыр сезыгъэджахэм я деж щыслъэгъуа пэтми, сэ а IэщIагъэр къыхэсхащ, абы щыгъуэми щапхъэ схуэхъуар сезыгъэджахэрщ. Ахэр си дежкIэ нобэр къыздэсым щапхъэщ. Щапхъэщ си япэ егъэджакIуэр. ЩIэныгъэ зэзгъэгъуэта нэужь, япэу лэжьыгъэ IэнатIэ сыщыпэрыувари сызыщеджа къуажэ школырщ. ИужькIэ къалэм дыкъэIэпхъуащ унагъуэр.

Сыти жыIи, сабийм уахэтыфынукъым, ахэр фIыуэ умылъагъуу. Езы цIыкIухэми сакIэлъыплъурэ, зыгуэрхэм гу щылъыстэ щыIэщ. Я гупсысэ къэубыдыкIэм, я псалъэуха ухуэкIэм, бжыгъэхэр щызэхалъхьэкIэ нэхъ ягъэIэрыхуэ Iэмалым, усэ къеджэкIэм - а псом сыкIэлъоплъри, сэ абыхэм сазэрыдэлажьэ Iэмалхэм щIэ гуэрхэр хызолъхьэ. Аращи, лэжьыгъэм и IэфIыр ирикъуу зыхызощIэ.

-**ЕгъэджакIуэм-еджакIуэм - адэ-анэм я зэпыщIэныгъэр**...

- Мы упщIэм мыхьэнэшхуэ иIэщ сабийм и гъэсэныгъэми абыхэм тхылъыр Iэпэгъу ящIынми теухуауэ. ЕгъэджакIуэмрэ адэ-анэмрэ я зэкъуэтыныгъэм елъытащ сабийм и къэкIуэнур. Курыт еджапIэм къыщащIар унэм къыщамыпщытэжу хъуркъым, дауи. Адэ-анэм я пщэ къыдэхуэ къалэнхэм жэуаплыныгъэ халъхьэмэ, сабийм нэхъ тыншу зеужь щIэныгъэкIи гъэсэныгъэкIи. Сахуэарэзыщ си сабийхэм я адэ-анэхэм. Сыт и лъэныкъуэкIи къыздаIыгъщ си лэжьыгъэр. ДызэрощIэ, дызочэнджэщ, хэкIыпIэхэр къыдогъуэт.

- Лэжьыгъэ IэнатIэм укъыщыдэхуэм, удихьэхыу сыт хуэдэ Iуэхугъуэ уиIэ?

- Адыгэ шхыныгъэухэр сыпщэфIыну сфIэфIщ. Хадэм силэжьыхьыну, къэкIыгъэхэм сакIэлъыплъыну си жагъуэкъым. Ар дызэрыцIыкIурэ дызыщIапIыкIа лэжьыгъэщи, адэкIи гъэкIуэтэн хуей унагъуэ хабзэ хуэдэу къысщохъу.

- Ларисэ, сыт бзылъхугъэ насыпыр зыхэплъагъуэр?

- Бзылъхугъэ насыпу къызолъытэ уи унагъуэр зэдэузыншэныр, пщIэ-нэмыс, зэгурыIуэ илъыныр. Бзылъхугъэ насыпщ быным я дэтхэнэ ехъулIэныгъэри. Уи псэр дэзыхьэх лэжьыгъэри насыпщ.

Епсэлъар **ГУГЪУЭТ Заремэщ**.

Европэм ди насыпти...

Гупсысэхэр

... Адыгэ бзылъхугъэр дуней псом къыщацIыху икIи и дахагъэм ехьэху. Абыхэм я набдзэ шылэ фIыцIэ псыгъуэ къурашэм, хъуаскIэр къызыщIих нэ фIыцIэхэм, натIэ хужь джафэм, нэкIу хъурей Iупэ пIащIэм удимыхьэхынкIэ Iэмал иIэкъым. Дуней хъурейм IэпкълъэпкъзэкIужу тет цIыхухэр мыбдеж Тхьэм щызэхуишэсам хуэдэщ... Дэ, Европэм, ди насыпти, мы лъэпкъ дахащэм дыпэмыжыжьэу Тхьэм дыкъигъэщIащ».

Гердер Иоган,
нэмыцэ философ-этнограф.

... Адыгэ пщащэр щIыкIафIэщ, и щхьэм и уасэ зыщIэж цIыхущ. ДахагъэкIэ абыхэм япеуэфын зэрыщымыIэр куэд щIауэ псоми ящIэ: цIыху лъагъугъуафIэхэщ, IэпкълъэпкъзэкIужхэщ, уардэу, Iэдэбу зокIуэхэ. Адыгэ цIыхубзхэм я зэхэщIыкIымрэ я зэфIэкIымрэ лъагэщ...

Николай Дубровин,
XIX лIэщIыгъуэм псэуа зауэ тхыдэтх.

Адыгэ бзылъхугъэхэр губзыгъэхэщ, гу къабзэхэщ, куэдым гу лъатэ. Абыхэм цIыхухъум пщIэшхуэ хуащI икIи ирипэгэн яфIэфIщ я щхьэгъусэхэр лIыгъэ щIапIэ щихуэкIэ къызыкъуах лIыхъужьыгъэм. Адыгэ бзылъхугъэхэр щэныфIэхэщ, лэжьыгъэр, къабзагъэр фIыуэ ялъагъу...

Иван Бларамберг,
1827 гъэм къыщыщIэдзауэ урыс пащтыхьыдзэм къулыкъу щызыщIа генерал-лейтенант.

Хэгъэгуу дэ дыздэщыIахэм, къеттхэкIа лъэпкъхэм зыри яхэткъым адыгэхэм хуэдэу зи щIыфэ хужьрэ зи бзылъхугъэхэр дахэрэ. Зы лъэпкъи иIэкъым апхуэдэ уардагърэ, IэпкълъэпкъзэкIужрэ. Адыгэ бзылъхугъэхэр цIэрыIуэщ я хьэл-щэн дахэмкIэ, щабагъ гуапэмкIэ.

Абдул-Хьэсэн Али аль-Масуди,
хьэрып географ-къэхутакIуэ.

Унэм и закъуэу къыщIанар адыгэбзэкIэ къагъэпсэлъащ

ЩIэ

Гъатхэпэм и 6 - 13 махуэхэм «Дея Синема» кинотеатрым щагъэлъагъуэ «Один дома» фильм цIэрыIуэр адыгэбзэкIэ зэрадзэкIауэ. «Унэм и закъуэу» зыфIаща лэжьыгъэр гукъэкI зэращIам, абы елэжьахэм, нэгъуэщIхэми теухуауэ депсэлъащ Iуэхум и зэхэублакIуэхэм ящыщ Жьэгупэ Хьэчим. Абы къыджиIахэм ди гуапэу фыщыдогъэгъуазэ.

- Америкэн режиссёр Коламбус Крис триха, дакъикъи 103-кIэ екIуэкI гушыIэ фильм гъэщIэгъуэныр адыгэбзэкIэ къэвгъэпсэлъэныр сытым къыхэфха, Хьэчим? Дауэ Iуэхум яужь фихьа? ИпэкIэ апхуэдэ нэгъуэщI лэжьыгъэ гуэр фщIат?

- Упсэу, Залинэ, ди лэжьыгъэр гъэщIэгъуэн пщыхъуу абы ехьэлIауэ укъызэпсэлъэну гукъэкI зэрыпщIам щхьэкIэ. Iуэхум и пэр умыщIэмэ, и кIэр пщIэркъым, адыгэми жиIащи. «Унэм и закъуэу» фильмым сытепсэлъыхьын ипэ къихуэу, адыгэбзэ нэтынхэр диIэн зэрыхуейм ди гупсысэр зэрыхуэкIуам мащIэу и гугъу сщIынут. Мы Iуэхум и къежьапIэр дехъуапсэу, диIарэт жытIэу гум щыдгъэфIа, дызыхуэкIуа гуэрщ, илъэсих ипэкIэ къежьауэ жыпIэ хъунущ ар. Си къуэшымрэ нэгъуэщI ди зы ныбжьэгъурэ ди гъусэу дегупсысат адыгэбзэкIэ контент Интернетым дыщиIэн зэрыхуейм. Абы щыгъуэм «В контакте» соцсетым гушыIэ напэкIуэцI къыщызэIутхауэ щытащ, ар тфIэмащIэу, нэтын диIэн зэрыхуей гупсысэр дгъэтIыгъуэурэ, илъэсищ ипэ иужь дихьэпащ. Си щхьэгъусэмрэ (Хьэфиз Лилианэ - *И. З.*) сэрэ яужь дихьащ «Унесённые призраками» («Псэхэм ягъэкIуэса Тихиро») фильмыр зэддзэкIыну. Ар хуабжьу дигу ирихьати, адыгэбзэкIэ диIэнуи дыхуейт. Къущхьэ Оксанэ и «Къэрэкъан» студием щытхуригъэтхауэ щытащ ар. Мазих-блыкIэ делэжьащ абы, цIыхухэр республикэм и щIыпIэ зэхуэмыдэхэм къикIыу къызэхуэсын хуейт, нэгъуэщI гугъуехьхэри пылъти. Езым и Iуэху иригъэтIылъэкIыурэ зыкъытщIигъэкъуащ Оксанэ абы щыгъуэ, дэ ар зэи тщыгъупщэнукъым, фIыщIэшхуэ нобэр къыздэсым худощI, гуфIэгъуэкIэ Тхьэм худигъэщIэж. «Псэхэм ягъэкIуэса Тихиро»-р зы илъэсрэ никъуэрэ хуэдэ мэхъу дунейм къызэрытехьэрэ.

Зы илъэсрэ никъуэрэ ипэкIэ зэддзэкIа мы лэжьыгъэмрэ иджырeймрэ зэгуэхыпIэ имыIэу зэпхащ, зыр адрейм кIэлъыкIуэу зэрыщытым къыхэкIыу.

- Зыгуэрым фигу къигъэкIа ар зэвдзэкIыну?

- ЦIыкIу диIэ хъуати, адыгэбзэр Iэмал имыIэу Iурылъыну дыхуейт, фIэгъэщIэгъуэнын гуэрхэри ди лъэпкъыбзэмкIэ «къэдгъэпсалъэмэ» тфIэфIт. Сэ си цIыкIугъуэр сигу къагъэкIыж «Шрек 1», «Шрек 2» таурыхъхэм, «Къэрэкъан» студием адыгэбзэкIэ къыдигъэкIауэ щытахэм. Къинэмыщlауэ, «Адыгэ» фондыр я дэIэпыкъуэгъуу, куэд дунейм къытехьауэ щытащ. АдэкIэ пащэным дыщIэхъуэпсу дыщыскIэ Iуэхур зэрымыкIуэтэнур къыдгурыIуэщ, дэ езым тщIы щхьэ мыхъурэ жытIэри, яужь дихьащ.

«Унэм и закъуэу» фильмыр ди лэжьыгъэ етIуанэщ. КъыдэлъэIуаIакъым, ауэ ди гукъэкIыр къыддэзыIыгъахэр щыIэщ. «Zerat АДЫГЭБЗЭ» еджапIэм лэжьапIэ сыувати, абы и унафэщI Абыкъу Роман щIэупщIащ адэкIэ щIыпыдмыщэм. Дэ езым студие тщIыну дызэрыхуежьар, ахъшэ тхузэхалъхьэу зэредгъэтхын Iэмэпсымэ къызэрытщэхуар, иджы дыщылэжьэн пэш дызэрыхуэныкъуэр жесIащ. «Фылэжьэну щытмэ, сэ фхуэсщIынщ», - жиIэри зыкъытщIигъэкъуащ, пэшыр абы къыдитащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ зэдэуэ лэжьэн щIэддзащ.

- Зэман гъунэгъум сыт дыпэплъэ хъуну? Фи IуэхущIафэм къызэрыпыфщэнур сыт хуэдэ лэжьыгъэу пIэрэ, мыщэхумэ?

- Дызэлэжьыну ди мурадыр щэхущ, ауэ иужь дихьэрэ къыдэдгъэкIмэ, цIыхухэм яфIэфI хъун нэтын гуэр хъуну сыщогугъ.

- Зи цIэ къипIуа фильмхэм цIыху дапщэ елэжьа?

- Япэ лэжьыгъэми етIуанэми цIыхушхуэ хэтащ. «Псэхэм ягъэкIуэса Тихиро»-м апхуэдэ щIыкIэкIэ убзыхуауэ и гугъу схуэщIыжынкъым, ауэ иджырейм елэжьа псоми я цIэ къисIуэну сыхуейщ. Ар НэфIэдз Адил, Маргъущ Тамерлан, КIэхумахуэ ФатIимэ, Хьэфиз Анзор, Хьущт Мухьэмэд, Къардэн Марианнэ, ГъукIэ Алихьэн, Битокъу Науркъан, АфIэунэ Амир, Хьэфиз Адэлджэрий, Хьэфиз (Семэн) Маринэ, Бэрэздж Инолэ, Бжэмбей Амир, ЛIыгъур (БищIо) Iэсият, Болэ Аслъэн, ПIаз (Къагъырмэс) ФатIимэ, Хьэфиз Къантемыр, Тхьэгъэпсэу Амир, Бейтыгъуэн Даринэ, Мэзло Заурькъэн, Жьэгупэхэ Хьэчимрэ Чэримрэ, Хьэфиз (Жьэгупэ) Лилианэ сымэщ.

Студиер дыгъэгъазэм и пэм нэдгъэсри, «Zerat»-м къыхилъхьащ ИлъэсыщIэ саугъэту «Один дома» фильмыр зэддзэкIыну. Еплъыну яфIэфI хъуну къыщIэкIынщ, щыжиIэм, Iуэхур дэтIыгъри етхьэжьат, ауэ зы мазэ пIалъэт диIэр. Iуэхур нэхъ псынщIэ тщызыщIыр езым ди студие дызэриIэжыр арат. Нэхъ дыщхьэхуитти, мазэм къриубыдэу тхуэухын ди гугъащ, арщхьэкIэ япэ лэжьыгъэм дызыщримыхьэлIа гугъуехь куэдым дыIуащ. Абыхэм делIалIэурэ мазищым нэблагъэ тедгъэкIуэдауэ гъатхэпэм ирихьэлIэу дыухауэ аращ. Иджы, ди гуапэу, фильмыр зыфIэгъэщIэгъуэнхэр, абы и адыгэбзэ IукIэр зыфIэщIэщыгъуэхэр «Дея Синема» кинотеатрым фыкъыдогъэблагъэ.

- Фи зэдзэкIыгъэхэм, фи гукъэкIхэм я фIагъыр сыт нэхъыбэу зыхэфлъагъуэр, Хьэчим?

- Лэжьыгъэ щхьэхуэхэр адыгэбзэкIэ зэддзэкIыну гупыж щIэтщIар, адыгэбзэр унагъуэ бзэ къудейуэ щымыту, дэни щызэхэпхыу, нэтын уреплъыфу, IуэхущIапIэхэм я фIэщыгъэхэр адыгэбзэкIэ тетхауэ плъагъуу, узэпсэлъэф гуэр дэни ущрихьэлIэу, тхъумэным къинэмыщIауэ, бзэр едгъэфIэкIуэну дызэрыхуейр аращ. Адыгэбзэр зыгъэлэжьэну, абы зезыгъэужьыну хущIэкъу дэтхэнэми я мурадыр Тхьэм къаригъэхъулIэ!

IэдакъэщIэкIыфIу щыIэр адыгэбзэкIэ зэддзэкIыну дигу илъщи, дяпэкIи цIыхухэм къыддаIыгъмэ, зи ужь дихьэ Iуэхур зэрызэдгъэхъулIэнум дыхущIэкъунущ.

- Хьэчим, фи мурадым сытым дежи фи Iэ техуэну ди гуапэщ. Фи лэжьыгъэм теухуа роликым зэрыщыжыIащи, «къэвзэуа» фи гуращэм къыщывгъэсэбэпа псалъэуха 1800-м, абы фызэрелэжьа махуэ 77-м, гигабайти 10-м щIигъу аудио тхыгъэр тхьэмахуитIкIэ зэрызэвгъэзэхуам, щэрэ минрэ нэтыныр и пIэ ивгъэувэну яужь фызэритам, мелуанрэ фыщыуэурэ зэрызэвгъэзэхуэжам, щIэныгъэ «зы тонн» зэрызэвгъэпэщам и фIыгъуэ фыхэплъэну!

Епсэлъар **ИСТЭПАН Залинэщ**.

Мурадхэр я куэдщ

Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI, полицэм и генерал-майор Васильев Сергей, IуэхущIапIэм и унафэщIым дзэ-хэкупсэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ майор Тубаев Аслъэн, «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэм республикэм щиIэ къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ Зэбакъ Азэмэт сымэ, «стIол хъурей» щытыкIэм иту тепсэлъыхьащ къапэщыт «Зарница 2.0» урысейпсо дзэ-хэкупсэ джэгукIэм зэрыщызэдэлэжьэнум.

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ ведомствэр щIыналъэм и щIалэгъуалэ, дзэ-хэкупсэ IуэхущIапIэхэм япыщIауэ зэрыщытынум, къытщIэхъуэ щIэблэр хэкупсэу гъэсэным ехьэлIа лэжьыгъэм щаIэ зэфIэкIымкIэ зэдэгуэшэну, Хэкум и хъумакIуэм и илъэсым хуэгъэпса Iуэхухэр егъэкIуэкIыным.

Зэбакъ Азэмэт жиIащ я жэрдэмхэр ехъулIэныгъэ пылъу зэрырагъэкIуэкIынур и фIэщ зэрыхъур, абы папщIэ я къарур зэщIагъэуIуэу а лэжьыгъэм щIалэгъуалэр жыджэру къыхэшэн зэрыхуейр. Абы щIыналъэ управленэм и унафэщIым фIыщIэ хуищIащ зэIущIэр къызэрызэрагъэпэщам папщIэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Илъэси 6-м нэс къыпоплъэ

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм экономикэм пыщIа щIэпхъаджагъэхэм зэрыпэщIэт къэлъыхъуэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыу къыщIагъэщащ Налшык къалэм и пощт къудамэхэм язым и унафэщIым илэжь хабзэншагъэр.

НАIУЭ къызэращIамкIэ, абы зыкIэщIиупщIэри езыр зыхуейм тригъэкIуэдащ ар зи унафэщI IуэхущIапIэм къыхуаутIыпща ахъшэр.

Урысейм и Следственнэ Комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыIэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 160-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэр зылэжьар илъэси 6-м нэскIэ ягъэтIыс.

Зэпеуэм ирагъэблагъэ

Урысейм и Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъум и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм щрагъажьэ «Хрустальные звёздочки» урысейпсо фестиваль-зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэр. Абы хэтыну ирагъэблагъэ хабзэхъумэ, апхуэдэу нэгъуэщI къэрал органхэм я лэжьакIуэхэм я сабийхэу илъэси 7 - 18 ныбжьым къриубыдэхэр.

ТВОРЧЕСКЭ зэпеуэр ирагъэкIуэкI мы теплъэгъуэхэмкIэ: «Вокал», «Хореография», «Исполнительское творчество».

Зэпеуэм хэтынухэм ятеухуа тхыгъэхэр 2025 гъэм гъатхэпэм и 14-м фIэмыкIыу Iэрагъэхьэн хуейщ Управленэм IэщIагъэм хуэгъэхьэзырынымрэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкIэ и къудамэу мы хэщIапIэм: 360000, Налшык, Арманд Инессэ и уэрам, 43 а, апхуэдэуи электрон пощтым: sheshev@07.fssp.gov.ru

Конкурсым и екIуэкIыкIэм нэхъ зэпкърыхауэ зыщывгъэгъуэзэфынущ Управленэм «Конкурсы и фестивали», «Иная деятельность, благотворительность» - «Положение Всероссийского фестиваля-конкурса Хрустальные звездочки» жыхуиIэ и сайтыммрэ мы телефонымкIэ 8 (911) 642-06-06.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, зэпеуэр Урысей ФССП-м 2007 гъэ лъандэрэ ирегъэкIуэкI сабийхэм я творческэ зэфIэкIым зегъэужьын папщIэ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

Пшыхьхэр

Гулъытэшхуэ къыхуащI

Тэрч куейм и Библиотекэ нэхъыщхьэ IуэхущIапIэм и Акъбащ Ищхъэрэ къудамэу Тамбовкэ къуажэм дэтым иджыблагъэ ирагъэблэгъащ тхакIуэ, усакIуэ Зэгъэщтокъуэ Людэ. Мы тхылъ хъумапIэм куэд щIауэ иIэ жьэрыIуатэ журналым и лэжьыгъэ нэхъыщхьэм къыдэкIуэу, цIыху гъэщIэгъуэнхэр кърашалIэ, ахэр ягъэлъапIэмэ, къуажэдэсхэмрэ районым щыпсэухэмрэ ирагъэцIыхумэ я гуапэу.

ЗЭГЪЭЩТОКЪУЭМ и ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ зэрырикъуар къагъэсэбэпри, журналым къыщызэрагъэпэщащ и гъащIэмрэ лэжьыгъэмрэ теухуа пшыхь хьэлэмэт. УсакIуэм и Iуэхур дагъэдахэу, пщIэ хуащIу игъусахэщ Бахъсэн куейм и лъахэхутэ музейм и унафэщI Шакъ Миланэрэ а щIыналъэм ГъуазджэхэмкIэ и сабий школым и унафэщIым и къуэдзэ Къэжэр Зурьянэрэ.

Джэурджий Iэдэмрэ Едгъул Даринэрэ (я гъэсакIуэр Сатибал Казбекщ) ягъэзэщIа адыгэ къафэ дахэкIэ пшыхьыр къызэIуаха иужь, пэублэ псалъэр хуагъэфэщащ Тэрч куейм Сабий творчествэмкIэ центр щIэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэтым (МКУ ДО ЦДТ) и егъэджакIуэ Щомахуэ Iэсият. КъедаIуэ псоми усакIуэм и гупсысэр гурэ псэкIэ захригъэщIэу, ар къеджащ Зэгъэщтокъуэм и «ГъащIэм и макъ» усэм.

ЗэIущIэр езыгъэкIуэкIахэу Тамбовкэ къуажэ библиотекэм и унафэщI Мэш Ларисэрэ ЩэнхабзэмкIэ унэм и режиссёр Щад Марианнэрэ усакIуэм и гъащIэ гъуэгуанэм, и гуащIэм къызэхуэсахэр щыгъуазэ ящIащ.

ЖьэрыIуатэ журналым и пшыхьыр, зыхухэха елъытауэ, Iыхьэ зыбжанэу зыхэбгъэщхьэхукI хъунут: усакIуэм и Iуэху еплъыкIэм, абы гъащIэм, анэм хуиIэ лъагъуныгъэм, Хэку зауэшхуэм хухиха тхыгъэ напэкIуэцIхэм, усакIуэм и Iуэху еплъыкIэм, фIылъагъуныгъэм, и хъуэпсапIэхэм.

Пшыхьым зыкърагъэхьэлIат Людэ зыцIыхухэм, и гуащIэм дихьэххэм, егъэджакIуэхэм, и лэжьэгъухэмрэ ныбжьэгъухэмрэ, усыгъэр фIыуэ зылъагъухэм, нэгъуэщIхэми. Псалъэм и хьэтыркIэ, зэIущIэм щыIащ Тэрч куейм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Iэщхыж Руслан, Джылахъстэней Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, Тэрч куейм и жылагъуэ палатэм и унафэщI КIэрэф Мурадин, Тамбовкэ къуажэм и нэхъыжьыфI Хьэцым Уэлий, макъамэтх, уэрэдус, Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Тэрч къалэм дэт макъамэ еджапIэм и егъэджакIуэ ЗэрэмыщIэ Заретэ, Тэрч куейм и библиотекэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Хьэгуарэ Мадинэ, а IуэхущIапIэм и сурэтыщI, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Гъыдэ Валерэ, Тэрч куей администрацэм щэнхабзэмкIэ и къудамэм и методист Магреловэ Татьянэ, «Терек 1» газетым и «Тэрч и макъ» напэкIуэцIыр зыгъэхьэзыр ЗэрамыщIэ Маринэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ КIэмпIарэ Светланэ, Тамбовкэ къуажэм и тхьэмадэ КIэмпIарэ Беслъэн, усэбзэр зи псэм хэлъ Пакъэ Николай сымэ.

Пшыхьыр нэгузыужьу, утемызашэу екIуэкIащ, усэм уэрэдкIэ къыпащэу, уэрэдым къафэр къыкIэлъыкIуэу, абыхэм гушыIэ теплъэгъуэхэр я гъусэжу. Псоми ягу илъ дахэмрэ фIымрэ утыку кърахьэрт.

ЗэIущIэр ягъэдэхащ пшынауэ Iэзэ Балъкъэр Идаррэ барэбанауэ телъыджэ Джаурджий Iэдэмрэ. УсакIуэм «Зауэм и джэрпэджэж» зыфIища и поэмэм гукъинэжу къеджащ Щад Марианнэ. Апхуэдэу гум дыхьэу Людэ и IэдакъэщIэкIхэм къеджащ Жылэхьэж Iэсият, Джамурзей Ларисэ, Ныбэжь Наташэ, Дадэ Сахирэ, къуажэ еджапIэм, сабий садым я ныбжьыщIэ цIыкIухэр.

УмыгъэщIэгъуэн плъэкIынутэкъым зи ныбжьыр мы гъэм илъэс бгъущI ирикъуа Хьэцым Уэлий и жыджэрагъымрэ и уэрэд жыIэкIэмрэ. Абы пшыхьым кърихьэлIахэр иригъэдэIуащ Зэгъэщтокъуэ Людэрэ Джэдгъэф Хъусенрэ зэдатха «ЗикI укъыкъуэмыкI» уэрэдым. Людэ и псалъэр зыщIэлъ уэрэдхэр ягъэзэщIащ Шыдыгъу Хьэщауэ, Наурыз Оксанэ, Абазэ Дианэ сыми.

Пшыхьым къеблэгъа псоми усакIуэм псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ. СурэтыщI Гъыдэ Валерэ Людэ и сурэт езым ищIар, уэрэдхэмрэ макъамэхэмрэ щызэхуэхьэсауэ ЗэрэмыщIэ Заретэ къыдигъэкIа етIуанэ тхылъыр усакIуэм тыгъэ хуащIащ.

Пщыхьэщхьэм къэкIуа дэтхэнэми Зэгъэщтокъуэм фIыщIэ яхуищIа, жылэр узыншэну хъуэхъуа нэужь, и иужьрей «Псэм и гъуджэ» тхылъыр къуажэ библиотекэм тыгъэ хуищIащ. ЗэIущIэр адыгэ джэгукIэ зэхуащIыжащ.

ИСТЭПАН Залинэ.

ХЬЭМЫРЗЭ Заирэ:

Дызэрыгушхуэнщ, нысащIэхэм фащэр зэрыщатIэгъэжыр

ЛъэпкъIэпщIэлъапщIагъэм, ар ди зэманым къызэрыхыхьэжам тыдогъэпсэлъыхь цIыхубз щыпкъэ, адыгэ фащэхэр щад «Zaira_fasha» студиер къызэзыгъэпэща Хьэмырзэ Заирэ (ГъущIохэ япхъущ).

- Заирэ, лъэпкъ щэнхабзэр фIыуэ умылъагъуу, абы хыумыщIыкIыу апхуэдиз фащэ дахэ къыпхуэгъэщIыну къыщIэкIынутэкъым. Дауэ къыщIэбдза мы Iуэхур?

- Дэрбзэр IэщIагъэр сызэрысабийрэ сфIэфIу щытащ. ЩэкI кIапэ къытIэрыхьамэ, ар ди гуфIэгъуэшхуэт. Ди унэм щIэт зэрыдэ машинэр си анэшхуэм ейуэ щытауэ си анэм зэрихьэу арати игъэлъапIэрт, абы къыхэкIыуи тIэкIуи щысхьт, скъутэным тешыныхьырт. Ауэ ди анэм и щIыбыр къигъэзакъэ, сэ абы фIэкIа Iуэху симыIэжу дэным апхуэдэу пасэу сыдихьэхащ. Школыр къыщызухым хьэкъыу къызгурыIуат IэщIагъэ схуэхъуну сызыхуейр. А лъэхъэнэм Налшык щылажьэт дэрбзэр Iэзэ икIи цIэрыIуэ Котовский Лазарь. Абы и гъэсэнхэр Москва къалэм дэт еджапIэ щыщIэтIысхьэкIэ занщIэу етIуанэ курсым хагъэтIысхьэу щытащ. Сэри илъэсым и кIуэцIкIэ абы и деж къыщысщIар лъабжьэфI схуэхъуауэ схужыIэнущ. Ауэ занщIэу лъэпкъ фащэ дынымкIэ къыщIэздзакъым. Си дэлъху ГъущIо Залымрэ абы и щхьэгъусэ Сузаннэрэ «Кабардинка» ансамблым илъэс куэд щIауэ къыщофэ. КъапщтэмэI, абыхэм я фIыгъэщ адыгэ фащэхэр дыным сызэрыдихьэхар: япэрауэ, уи Iыхьлы дыдэхэм фащэ дахэр къащыпсу лъэпкъ гъуазджэр зэрагъэлъагъуэр пфIэмыгъэщIэгъуэнын плъэкIынутэкъым; етIуанэрауэ, ахэр утыку къызэрихьэм селэжьын, фащэм и тхыдэр щIэзджыкIыурэ яхуэздын хуейуэ куэдрэ къысхуихуат. Абы гу лъызыта Атэбий Игорь (къэфакIуэ гупым и унафэщIым) ансамблым и фащэ цехым и унафэщIу сригъэблэгъащ икIи 2013 гъэм щегъэжьауэ илъэс 12-кIэ садэлэжьащ.

ХьэгъуэлIыгъуэм нысащIэмрэ щауэмрэ щыщатIагъэмрэ утыку къызэрыщыфэ фащэмрэ я дыкIэр зэхуэдэкъым. Япэрейр IэпкълъэпкъымкъыщыпсуI, и теплъэр дахэу зэрыпщIыным уи гупсысэр теухуамэ, къэфакIуэм щитIэгъэнур бдыну нэхъ гугъущ: къэлъытэн хуейщ, и Iэр лъагэу иIэтыху, щыгъыныр зыщимыкъуу, тэмэму игъэIэбэныр. Ансамблым сыщыдэлажьэм абы епхауэ гугъуехь зэраIэм гу лъыстат, къэфакIуэхэм зыщагъасэкIэ я Iэм уфIыцIыгъэ къыщтридзэ къэхъути. Абы и хэкIыпIэхэми селэжьащ а зэманым.

ЦIыхур арэзымэ, абы нэхъ щытхъу ухуейкъым жыхуаIэращи, ансамблым иджыри сыдэлажьэу, нэгъуэщI къэфакIуэ гупхэми фащэ яхуэздыну зыкъысхуагъазэу щыщIадзэм, сэ езым си IуэхущIапIэ къызэIусхыжащ. IэнатIитI щызэдэпхькIэ зэман куэди пфIехьри, зыр Iэпэдэгъэлэл пфIэхъунри хэлъщ. Аращ къызыхэкIар щхьэхуэу сылэжьэныр.

Къэбгъэлъагъуэмэ, ди унагъуэм щыщ дэтхэнэри лэжьакIуэпсэщ, къэувыIэ димыIэу десащ. Псалъэм папщIэ, си шыпхъу Залинэ (езым бухгалтер IэщIагъэщ иIэр) къыздоIэпыкъу, хуезгъэджэжауэ фащэхэр хэзыдыкIыр араш.

- Иджы уи фащэхэр республикэм и къэфакIуэ гуп нэхъыфI дыдэхэм ящыгъщ, щIыпIэ куэдми нэсащ. Уеблэмэ, сэ сызэрыщыгъуазэмкIэ, ди щэнхабзэм дихьэха япон щIалэ Надзаки Тайга уи IэкIэ бда адыгэ цейр нэгъабэ тыгъэ хуэпщIауэ щытащ.

- А щIалэр ди лэжьыгъэхэм ИнтернетымкIэ къыкIэлъыплъырт, зыгуэрхэри зэзэмызэ къитхырти, зэддзэкIыурэ дэри зэрыхъукIэ гулъытэ хуэтщIыжт. Зы махуэ гуэрым згъэлажьэ си хъыджэбз цIыкIум къызжиIащ цIыхубз гуэрым адыгэ джанэ Японием здихьыну зэрищэхуар. КъызгурыIуат ар фIыуэ дыкъилъагъуу къыткIэлъыплъ а щIалэ цIыкIум зэрыхъуихри, мащIэуи си жагъуэ хъужат хэзмыщIыкIыу уасэ къызэрыIихар. АрщхьэкIэ иужьым куэди дэмыкIыу езы щIалэр Кавказым кърагъэблэгъауэ щIыналъэхэр къызэхикIухьыу, «Кабардинка»-м хэт щIалэ хуэзауэ елъэIуащ «Zaira_fasha» IуэхущIапIэм сыфшэ, жиIэри. Шэч хэмылъу, ар си гуапэ хъуат. Зы цIыху и IуэхущIафэкIэ лъэпкъыр фIыуэ къалъагъункIи хъунщ жысIэу согупсысэри, адыгэ цейр си гум къыбгъэдэкIыу тыгъэ абы хуэсщIащ.

СызыдэлэжьахэмI я гугъу щысщIкIэ, срипагэу сигу къызогъэкIыж Лосэн Тимур и концертыр къыщыщIызэригъэпэщым абы зэрыхэтыну щыгъынхэр дгъэхьэзырауэ зэрыщытар. КъищынэмыщIауэ, зи зэфIэкIхэр жыжьэ щыIуа «Вагъуэ цIыкIухэр», «Кавказ пшэплъхэр», «Нал цIыкIу» сабий къэфакIуэ гупхэм, нэгъуэщIхэми я фащэхэр гъэхьэзырыным си гуащIэ зэрыхэслъхьар си дежкIэ лъапIэщ.

- Заирэ, нобэрей зэманым нэхъ къезэгъыу жаIэу, ди лъэпкъ фащэм и пкъыгъуэ гуэрхэр щыгъынхэм зэрырахьэлIэм дауэ ухущыт?

- Зы лъэныкъуэкIэ а Iэмалри дызыхуейщ, ауэ лъэпкъ фащэр къыумыцIыхужыным нэбгъэс хъуну къэслъытэркъым. Сэ, псалъэм папщIэ, апхуэдэ фэилъхьэгъуэ е, сэ сщIэрэ, лъэпкъ дамыгъэхэр, тхыпхъэхэр къыщыгъэсэбэпауэ, ауэ гъуэншэдж пыту хуейуэ жызыIэхэм ар яхуэздэркъым. МыхъумыщIэм ещхьу псынщIэу ирахьэжьэ щыIэкъым. Аращи, лъэпкъ фащэм ущелэжькIэ, абы къемызэгъ кIэрыплъхьэ е ар зэпхъуэкI хъунукъым. НэгъуэщIу жыпIэмэ, лъэпкъым зэран узэрыхуэхъун лъэбакъуэ счыну сыхуейкъым.

Ауэ а Iэмалыр къэдгъэсэбэпыни хуейщ. Ар щIыжысIэм щхьэусыгъуэ иIэщ: нобэрей щIалэгъуалэр фащэр зэрыхуейм хуэдэу щитIэгъэну хуит умыщIмэ, щитIэгъэххэнукъым. Япэ къэсым «стилизацэм» зыгуэр хилъхьэнуи сфIэтэмэмкъым, абы фIыуэ хэпщIыкIын, хъунумрэ мыхъунумрэ къыбгурыIуэн хуейщ.

- Адыгэ фащэм и махуэр дауэ бгъэлъапIэрэ? Лъэпкъ фащэ ящыгъыу цIыхур уэрамым къыщыдыхьэкIэ, уэ зыхэпщIэ гурыщIэхэр нэгъуэщIу къыщIэкIынщ.

- Адыгэ лъэпкъым махуэшхуэхэр зэрыдиIэм срогушхуэ, шэч хэмылъу. Адыгэхэм я махуэр, нэпыр, фащэр щагъэлъапIэхэр, къищынэмыщIауэ, щыгъуэ-щIэж махуэр - мыхэр цIыхубэр къызыхэкIам зыщыхуигъэзэж защIэщ икIи апхуэдэхэм деж фащэ щызытIагъэр нэхъыбэ зэрыхъур ди гуапэщ. Си унагъуэр къэсщтэнщи, а махуэхэр ди дежкIэ, дауи, лъапIэщ. Сабийми зэщхьэгъусэми фащэр щыщыттIагъэкIэ, нэгъуэщIхэри абы едгъэхъуэпсэжыным хэтлъхьэфыр хэтлъхьэн хуейщ.

- Заирэ, зы интервью гуэрым щыжыпIат уи щхьэгъусэ Ахьмэдрэ уэрэ ар езыр зыхэта «Лъагъуныгъэм и хьэтыркIэ» фильмым фызэхуишауэ. Абы и гугъу тщIы хъунумэ, хъыбарым дэри дыщыбгъэгъуэзамэ арат.

- «Кабардинка» ансамблым сыдэлажьэн щыщIэздзам, гупым хухаха «Курзал»-р а зэманым зэрагъэпэщыжти, лэжьакIуэхэр IуэхущIапIэ зэхуэмыдэхэм дытрагуэшат. Фащэхэм сэ сыщелэжьыр ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театррати, си зы ныбжьэгъу къызэлъэIурт: «Театрым Хьэмырзэ Ахьмэд щолажьэри, кхъыIэ, «Лъагъуныгъэм и хьэтыркIэ» фильмыр къысхуеIыххъ», - жиIэурэ. Абы щыгъуэм ар Интернетым щыбгъуэттэкъым. Сэ Ахьмэд апхуэдэуи сцIыхутэкъыми, зыгуэрым жрезгъэIащ дискым тету къызитыну. АрщхьэкIэ Iуэхур кIыхьлIыхь хъуауэ, къысIэригъэхьэртэкъым, си ныбжьэгъуми емызэшыжу махуэ къэс къысхуиIуэхурт. Зы махуэ гуэрым театрым и кIэлындорым дыщызэблэкIыу, Ахьмэд сэ жесIэн хуей хъуащ дискым щхьэкIэ лъаIуэр сызэрыарар. Абы иужькIэ куэд дэмыкIыу дискыр къысIэрыхьащ. КъызэлъэIуам ар естыжыну сыхунэмысауэ, унагъуэм щIэсхэр езгъэплъыну щыщIэзгъанэм, макъыр щIэмыту ирагъэтхауэ къыщIокI. Сэри сфIэфIт а фильмыр, зэрысфIэфIым и щыхьэтуи абы Iуэхугъуэу щекIуэкIыу хъуар гукIэ сщIэрт. Арати, щытыкIэм сыкъикIын хуей хъуащ - кинор здекIуэкIым абы и кIыхьагъкIэ щыжаIэр сэ унагъуэм щIэсхэм яжесIэурэ езгъэплъат. ЖысIэнуращи, дискым и фIыгъэкIэ дызэрыцIыхуат.

- Ахьмэд къызэрыгуэкI махуэхэми адыгэ джанэщ щыгъыр. Уи Iуэхур къызэрыбдиIыгъыми ар и нэщэнэу къысщохъу.

- Интервью стыну, телевиденэкIэ сыкъэпсэлъэну, зызгъэлъэгъуэну сфIэфIкъым икIи апхуэдэхэм пэIэщIэу сыщытыну сыхущIокъу. Си хьэлкIэ сызэрыщытраши, лэжьыгъэр зэфIэзгъэкIрэ лъэныкъуэ зезгъэзыжмэ нэхъ къызощтэ. Ауэ Ахьмэд абыи сытрегъэгушхуэри, сэри худэзмычыхыу хъуркъым. Къапщтэмэ, си лэжьыгъэм ехьэлIауэ сиIэ ехъулIэныгъэм и Iыхьэ нэхъыбэр зи фIыгъэр аращ жысIэмэ, езгъэлейркъым.

Иджы уи упщIэм теухуауэ. Адыгэ джанэр IэщIыб ящIауэ къекIуэкIащ зыкъомрэ. Иджы ящыгъыу ялъагъуурэ, нэхъыбэ къыщIэупщIэ хъуащ. Мы зэманым плъыфэкIи, инагъ-цIыкIуагъкIи зэщхьэщыкIыу сыт хуэдэ джанэ лIэужьыгъуи щыбгъуэтынущ ди IуэхущIапIэм. Мыри жысIэнут. КъэфакIуэхэм я джанэхэм я пщампIэр лъагэу щытми хъу щхьэкIэ, ар зепхьэну зэрафIэмытыншми къыхэкIт ар щIыщамытIагъэр. Сэ абы и лъэныкъуэкIи селэжьащ икIи фэилъхьэгъуэм и теплъэр иIэжу ауэ хуиту зэращыгъыным тещIыхьауэ ар зэзгъэпэщащ. Зылъагъур йохъуапсэри, нэхъыбэм ар зэрыщатIэгъэжыным дэри дыхущIокъу.

- Фащэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ жыпIэми, щIэблэр мы Iуэхум хэгъэгъуэзэнрами, сыт хуэдэ хъуэпсапIэхэр уиIэ уи IэщIагъэм теухуауэ?

- Иджы зы гугъуехь гуэри къыхэзгъэщыну сыхуейт. Мы зэманым дизайнерхэм куэдрэ я цIэ зэхыдох. А цIэр къагъэсэбэпми, къагупсысахэр зрагъэдын къалъыхъуэу, ямыгъуэту. Дэну хуейхэр, IэпщIэлъапщIэхэр ди мащIэщ, жысIэну арат. Пасэм адыгэ унагъуэм ис дэтхэнэ хъыджэбз цIыкIуми и къалэну щытащ дэныр. Зыми и жагъуэ сщIыну сыхуейкъым, ауэ иджыпсту сыт зыхущIэкъур жыпIэмэ, Интернетым блогер щыхъуныр щ. Ар сфIэтэмэмкъым. Дгъэсэну дэ щIэхщIэхыурэ къыдощтэри, тIэкIу гугъу зэрехьу, нэхъыбэм IэщIыб ящIыж. Щхьэж и щхьэкIэ IэщIагъэм хуэкIуэу аращи, гугъу уемыхьу ар зэуэ къохъулIэнукъым.

Иджыпсту нэхъыбэу зи ужь ситыр хьэгъуэлIыгъуэ фащэхэр дыныр щ. Абы лэжьыгъэшхуэ идохьэлIэ. ДызэрыгушхуэнщиI, нысащIэхэм лъэпкъ фащэр щатIэгъэжащ. Ауэ мы жысIэнур нэхъыбэу дэрбзэрхэращ зыхуэгъэзар. Кавказым ис лъэпкъхэм фащэр ящыгъщ. Абы и къежьапIэми зехьэкIэми теухуауэ, зэрытщIэщи, зэдауэ куэд йокIуэкI. Адыгэ фащэр щыщатIэгъэжагъащIэм, срихьэлIащ ди адыгэ хъыджэбз цIыкIухэм я хьэгъуэлIыгъуэм осетин пыIэр щащхьэрыгъыу. Абы дыхуэсакъыну, тхыдэджу дыщымытми, ди фащэхэр нэхъыщхьэу зэрызэщхьэщыкIхэм жэуаплыныгъэ тхэлъу дыбгъэдыхьэну сыхуейт. Абы къыхэкIыу, щхьэж и лъэпкъ фащэм къыщхьэщымыкIыу, пыIэ лIэужьыгъуэхэр тщIэуэщ Iуэхум дызэрыбгъэдыхьэпхъэр. Иджыпсту нысашэхэм щыболъагъу лъэпкъ фащэр ящыгъыу, ауэ щхьэпщIэу. Ар тэмэмкъым, хъыджэбзым пыIэр щхьэрыгъын хуейщ Iэмал имыIэу. А хабзэм хамыщIыкIыу арагъэнукъым, «сыхуейкъым» жаIэу иувыкIыу хузогъэфащэ. Ар хъунукъым, хабзэм дытетмэ нэхъыфIщ.

Иджы си хъуэпсапIэм теухуауэ. Ижь-ижьыж лъандэрэ ди лъэпкъым къыддэгъуэгурыкIуэу, унэишэм деж нысащIэм кърапхъухыу щыта шылэхъархэр илъэс куэд хъуауэ зэхуэхьэсыжыным иужь ситщ. Япэм унагъуэ къэс ахэр илъу щытащ. А хабзэфIыр къэтIэтыжыну сыхуейт. Сэ сыкъыщыхъуа унагъуэр, ди насыпти, унагъуэшхуэт, си адэр зэкъуэшихрэ зэшыпхъуиплIрэ хъууэ щытащ. Ди лъэпкъыр щхьэхуэу зэгъунэгъуу дызэхэсти, ГъущIо хьэблэ фIащащ. ХьэгъуэлIыгъуэ мымащIи си нэгу щIэкIащ. Мис абы щыгъуэм щегъэжьауэ а шылэхъарыр хуабжьу сфIэфIщ. Апхуэдэ IэлъэщIхэр къызэредгъэжьэжыным, ахэр унагъуэхэм къызэрихьэжыным долэжь, а зэманым слъэгъуа плъыфэхэр си нэгу къыщIэзгъэхьэжурэ.

- Упсэу, Заирэ. Тхьэм фи Iуэху дахэр къывигъэхъулIэ, фригъэфIакIуэ!

Епсэлъар **БАГЪЭТЫР Луизэщ.**

Гухэхъуэщ сыт хуэдэ лъагапIэми удэкIуеиныр

Болгарием и къалащхьэ Софие гъатхэпэм и 1 - 2-хэм щекIуэкIа, тхэквондомкIэ (ВТФ, Олимп джэгухэм хыхьэ лIэужьыгъуэмкIэ) «Bulgaria Open» дунейпсо зэхьэзэхуэм дыжьын медаль къыщихьащ Кэнжэ къуажэм дэт «Пять колец» спорт академием и гъэсэн адыгэ пщащэ Бекъул Миланэ. Абы щызэпеуащ къэрал 27-м я спортсмен 900-м щIигъу икIи ахэр щIэбэнащ мы гъэм Китайм щекIуэкIыну дунейпсо чемпионатым и путевкэхэм.

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым ипэкIэ зэи къыщымыхъуауэ Бекъул Миланэ Урысей Федерацэм и чемпион цIэ лъапIэр зэкIэлъыкIуэу тIэунейрэ зыIэригъэхьащ.

Миланэ тхэквондомкIэ дунейпсо классымкIэ спортым и мастер цIэ лъапIэри къыфIащащ, ари ди республикэм щыяпэу. Бекъулыр и ныбжькIэ щIалэ щхьэкIэ хузэфIэкIащ къэралым и командэ къыхэхам хыхьэн икIи и хьэлъагъ елъытауэ зыкъыщигъэлъагъуэ килограмм 46-рэ хъу гупым я деж бжьыпэр УФ-м щиIыгъщ.

Адыгэ пщащэ цIыкIум и ехъулIэныгъэхэм, ахэр къызэрихьа щIыкIэм уатепсэлъыхьын щIэбдзэмэ, зэрыжаIэу, махуэ псо пхутегъэкIуэдэнущ. Медалрэ кубокыу Миланэ иIэр щэ бжыгъэм зэрынэхьэсащ. Адрей илъэс блэкIахэмкIэ умыIэбэжу, мы гъэ къудейм дунейпсо утыкушхуэхэм абы щыхузэфIэкIахэр къыхэбгъэщмэ, Африкэм щыIэ Сенегал къэралым и къалащхьэ Даккар бадзэуэгъуэм щекIуэкIа «Гран-при» зэхьэзэхуэм япэ увыпIэр къыщихьащ. Абы иужькIэ екIуу хэтащ Франджым и къалащхьэ Париж и «Гран-при» зэпеуэм, иужькIэ УФ-м и чемпионату МейкъуапэI щекIуэкIам щытекIуащ, а псом ищIыIужкIэ, щэкIуэгъуэ мазэм, къэралым и командэ къыхэхам хэту Белоруссием и «Кубок зэIухам» япэ щыхьуащ.

Езы хъыджэбз IэмащIэлъэмащIэ цIыкIур щыплъагъукIэ, апхуэдэ къарурэ ерыщагъэрэ абы къыкъуэкIыну уи фIэщ пхуэщIыркъым. Зэхьэзэхуэхэм Миланэ къыщыпэщIэтхэр я инагъкIэ зы щхьэкIэ нэхъ лъагэщ, ауэ абы щхьэкIэ къэмынэу зэкIэлъхьэужьу ахэр трегъэкIуэт. Европей къэралхэм «танк цIыкIу» къыхужаIэ Миланэ, абы и зэфIэкIыр здынэсыр ящIэри.

Тхэквондом зэрыхыхьам, а спорт лIэужьыгъуэр къыщIыхихам теухуауэ Миланэ жеIэ: «Илъэсибл сыщыхъум сэ сщIэрт ар зищIысыр. Зэгуэрым телевизорымкIэ сеплъат зэхьэзэхуэр зэрекIуэкIым икIи къызгурыIуащ сэ абы нэмыщI нэгъуэщI спорт лIэужьыгъуэм зыхуэзгъэсэну сызэрыхуэмейр. Мурад сщIащ тхэквондом ехъулIэныгъэхэр щызыIэрызгъэхьэну. СыщIэхъуэпсырт утыкушхуэм ситу си цIэкIэ къэрал гимныр къеуэу зэхэсхыну», - жиIэжырт Миланэ.

ЗригъэхъулIащ адыгэ пщащэ цIыкIум и хъуэпсапIэр: абы и щIыхькIэ утыкушхуэ Iэджэми мызэ-мытIэу къыщеуащ къэралым и гимныр. Илъэс зыбжанэкIэ узэIэбэкIыжмэ, Европэм пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIауэ Испанием щекIуэкIа зэхьэзэхуэм япэ увыпIэр щиубыда нэужь, Миланэ жиIат, сыт хуэдэ лъагапIэми удэкIуеинри зэрыгухэхъуэр, ауэ езым и плъапIэ нэхъыщхьэу щытыр къэралым и командэ къыхэхам хэхуэныр, Олимп джэгухэм хэтыныр зэрыарар.

Миланэ иджыпсту зыщегъасэ республикэм и Кэнжэ къуажэм дэт «Пять колец» спорт академием и тренер нэхъыщхьэ Ахъмэт Амир и деж. Тренер губзыгъэм, набдзэгубдзаплъэм, зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкIым занщIэу гу къылъитат хъыджэбз цIыкIум. Ар япэу щилъэгъуам щыгъуэ, шэчи къытрихьатэкъым, ерыщу зигъасэу щытмэ, лъагапIэ нэхъ ин дыдэхэр къызэрыхуэщтэнум. ИкIи щыуакъым.

«Тренерым и IэщIагъэм хищIыкIмэ, спортсменым дежкIэ ар ехъулIэныгъэшхуэщ. Ахъмэт Амир хуэдэ тренер гъуэтыгъуейщ. Ар цIыху хьэлэмэтщ икIи гъэсакIуэ Iэзэщ. Си фIэщ мэхъу абырэ сэрэ лъагапIэ куэд иджыри къызэрытхуэщтэнур», - жеIэ езы Милани.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, иджыпсту къэралым кърашIылIа дэкъузэныгъэхэм я зэранкIэ, ди спортсменхэр хуиту утыку ихьэжыфыркъым, ауэ тхэквондомкIэ зызыгъасэхэм ар щхьэщахащ икIи абыхэм хуитыныгъэ кърататщ зэхьэзэхуэхэм хэтыну.

Дыгугъэнщ Бекъул Миланэ и щIыхькIэ къэралым и гимныр Олимп джэгухэм я утыкум къыщеуэну, и тренер Ахъмэт Амиррэ езымрэ я хъуэпсапIэр къайхъулIэу дэри дадэгуфIэну. Дэ тщIэращи, пщащэ цIыкIур гукIи псэкIи абы хуэхьэзырщ, шэчи къытетхьэркъым, апхуэдэ Iэмал кърату щытмэ, ар зэрызригъэхъулIэнум.



ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

ГъащIэм и дыгъэ

ЦIыхубзыр дунейм и дыгъэщ,
ЦIыхубзыр дунейм и мазэщ.
Фызмэ – гъащIэ гукъинэщ,
Анэмэ – дунейм и жылэщ.
ЛIым зыдгъэлъагэ пэтми,
Я лъэгуажьэм ди жьакIэр нэскъым.
Агънокъуэ Лашэ,
адыгэ джэгуакIуэшхуэ.

Псалъэжьхэр

Бзылъхугъэр унагъуэм и лъынтхуэщ

- Насыпыр фызыфIым къыдокIуэ.
- Унэр зыгъэунэри благъэр зыгъэблагъэри фызырщ.
- Анэм и бгъафэр хъурыфэ джэдыгущ.
- Бзылъхугъэм и лъэIур Тхьэм и унафэм хуэдэщ.
- Бзылъхугъэ здэщыс сэ къыщрахыркъым.
- Бзылъхугъэр унагъуэм и лъынтхуэщ.
- Анэ быдзышэм щIакхъуэри кхъуейри хэлъщ.
- ЦIыхубз зыщIэмыс унэр сабафэщ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Ширдий Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Къаншокъуэ Эллэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; з корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинымм и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.456
Заказыр № 474

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, корректорхэу ПхытIыкI Маруся *(1, 3-нэ нап.)*, Нэужьокъуэ Заирэ *(2, 4-нэ нап.)*
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.

Сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.